ЩIэныгъэр зи тегъэщIапIэ

2-нэ нап.

НэхъыжьыфI

3-нэ нап.

ЗэщIыгъуу елэжьынущ

4-нэ нап.

«Мывэ плъыжьхэм» япхрыкIыфакъым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№69 (24.975) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

● XXIX Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм

КъэкIуэнум темышыныхь экономикэ

Санкт-Петербург мэкъуауэгъуэм и 3-6-хэм щекIуэкIа Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм и Iыхьэ нэхъ купщIафIэ хъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр. Ар теухуат къэралыр нобэ зэрыт щытыкIэмрэ и экономикэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуищI лъэныкъуэхэмрэ.

КЪЭРАЛЫМ и лIыщхьэм хуэфэщэн уасэ хуигъэуващ Урысейм и экономикэм икIи гъунэ зимыIэ санкцэхэм ар зрагъэува щытыкIэ гугъум къызэрикIа Iэмалхэм тепсэлъыхьащ. Ди экономикэр а гугъуехьхэм пхыкIа къудейкъым, атIэ нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зиужьын щIидзащ, дунейпсо экономикэм къыпхугуэмыхын и Iыхьэу къанэу. Ар я фIыгъэщ хьэрычэт Iуэхум зэрызыщIагъэкъуами, лъэпкъ проектхэми - къэралым унэтIыныгъэ псори къызэщIиIубыдэу иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм.

Путин Владимир щхьэхуэу къытеувыIащ дунейм къыщыхъея хьэлэбэлыкъхэр къэралым и экономикэм къызэрылъэIэс щIыкIэм. Урысейм ахэр къызэрилъытэр узылъахъэ гуэрукъым, атIэ IэмалыщIэхэр къызэIузых щхьэусыгъуэущ.

Президентым къыхигъэщащ къыдэлэжьэну зи мурад псоми Урысейр гуапэу зэрапэплъэр. «Дунейр кIуэ пэтми захуагъэм нэхъ хуокIуэ икIи къэрал нэхъыбэм я экономикэм зеужь», - жиIащ Путин Владимир.

Бжыгъэр зи лъабжьэхэр е хъыбар зэбгрытыкIэхэр ирехъу, Президентым къежьа IэмалыщIэхэм я гугъу щищIым, аргуэру псоми ягу къигъэкIыжащ уи щхьэ и унафэ пщIыжыным къикIыр «адрейхэм нэхърэ нэхъ губзыгъэу икIи нэхъ къаруфIэу» ущытыным зэрепхар, абы къыхэкIыу, фейдэ хэлъу зэрылэжьапхъэр.

Путиныр тепсэлъыхьащ ди къэралым и экономикэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэм. Зэхуэсышхуэм къекIуэлIахэм я упщIэхэм жэуап иритащ, цIыхухэм зэхахыпхъэхэм я гугъу ищIащ.

Санкт-Петербург щекIуэкI зэхуэсышхуэр дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэIущIэ зэрыхъуам и щыхьэтхэр наIуэ къэхъуащ иджыри зэ. Абы къэрал псори къыкIэлъоплъ, здаунэтIхэр абы щагъэIуам тращIыхь.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэм щекIуэкI псалъэмакъым щхьэпагъыу хэлъым пщэдейрей махуэм утемышыныхьу, дунейр зэрыт увыпIэм фIыкIэ упэджэжу узэрыпсэуным утрегъэгушхуэ. Урысейр а Iуэхугъуэм щыпэрытщ.

ЗэIущIэхэр купщIафIэт

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Санкт-Петербург щыхуэзащ УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и федеральнэ агентствэм и унафэщI Гуров Григорий. Ахэр тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм я Iуэхур зэрыдэкIым.

ГУРОВЫР мызэ-мытIэу щыIащ ди республикэм, «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» президент программэм къыщыгъэлъэгъуахэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэмкIэ дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу хъууэ. Ар жыджэру хэту ди республикэм къыщызэрагъэпэщауэ тэмэму щолажьэ щIалэгъуалэ центру 9. Илъэсым къриубыдэу апхуэдэхэм я бжыгъэр 11-м нэсынущ. КъинэмыщIауэ, районхэм щолажьэ ныбжьыщIэхэм папщIэ центри 2, колледжхэм къыщызэрагъэпэщащ студент зэгухьэныгъэу 5, абыхэм иджыри къахэхъуэнущ 2.

ЩIалэгъуалэ IуэхущIапIэхэр ипэжыпIэкIэ хъуащ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсыпIэ цIэрыIуэ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я хэщIапIэ дахэ. Куэд дэмыкIыу Налшык лэжьэн щыщIидзэнущ «Iуащхьэмахуэ» щIалэгъуалэ лагерым. Абы и бжэхэр зэIухауэ щытынущ илъэс псом къриубыдэу.

Ди республикэм и пашэ КIуэкIуэ Казбекрэ Гуров Георгийрэ щIалэгъуалэм дяпэкIэ зэрадэлэжьэнум тещIыхьа Iуэхугъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ зэгурыIуэныгъэщIэ зэраухылIащ. КъулыкъущIэхэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» программэм щыубзыхуа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр зэрыхэтыну щIыкIэхэм. Абыхэм хохьэ, къапщтэмэ, илъэс псом лэжьэну «Вагъуэ» дзэ-хэкупсэ лагерыр, «Къэзакъ къутыр» хэкупсэ-нэгузыужь центрыр къызэгъэпэщыныр.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ Гуров Григорий Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы ис щIалэгъуалэм дапщэщи гулъытэ къазэрыхуищIым папщIэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэхэр щIалэгъуалэм яхуэгъэпса проектыщIэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ я лъабжьэ бидэ зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек социальнэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Социальнэ лэжьакIуэм и махуэмкIэ!

Мы махуэшхуэр ягъэлъапIэ гумащIэмрэ хьэлэлыгъэмрэ гъащIэ гъуазэу къыхэзыха цIыхухэм.

Фэ фызэкъуэзыгъэувэр фи Iуэхум фызэрыхуэпэжым и закъуэкъым, атIэ хьэл-щэн къызэрымыкIуэхэми фызэрапх - гуапагъэм, гулъытэм, дэтхэнэми щIэгъэкъуэн фыхуэхъуну фызэрыхьэзырым. Махуэ къэс фэ фахуосакъ, фи гулъытэр ялъывогъэс ветеранхэм, сабий зеиншэхэм, бынунагъуэшхуэхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм, гъащIэм щытыкIэ гугъу щихуа псоми.

Фи нэIэ зытетхэм я Iуэху псори яхузэфIэвгъэхьэкIэрэ, фэ абыхэм фадэIэпыкъу къудейкъым, уеблэмэ Iыхьлыхэм хуэдэу фахуохъу. Фи Iэзагъэм, дэтхэнэми и гуныкъуэгъуэр зэрызэхэфщIыкIым, щIэгъэкъуэн фыхъуну фызэрыхьэзырым куэдкIэ елъытащ ди цIыхухэм я псэукIэр, абыхэм гъащIэм хуаIэ гугъапIэхэр къехъулIэныр.

ФIыщIэ фхузощI жэрдэмыфIхэр пхывгъэкIыу фи IэнатIэм фызэрыпэрытым, гумащIагъэмрэ гущIэгъумрэ зи тегъэщIапIэ ди хабзэхэр ди жылагъуэм хъума щыхъунымрэ ахэр щыгъэбыдэнымрэ фызэрытелажьэм папщIэ.

Щхьэхуэу фIыщIэ псалъэхэр яхуэфащэщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ защIэгъэкъуэным, ветеранхэм ядэIэпыкъуным хуэфщI хэлъхьэныгъэм.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, зэIузэпэщу фыпсэуну икIи фи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыфхъу дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм яфI зыхэлъхэм фыхуэлэжьэну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэхэр яIэу илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Темиржановэ Наталье Ибрэхьим и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм цIыхухэм социальнэу яхудэчыхынымрэ ахъшэхэр яхухэхынымкIэ и департаментым компенсацэхэр мазэ къэс иратыну зыхуагъэувахэм ахэр яIэрыхьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

Лыхь Ритэ Муштар и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм и «Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм щыпсэухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и центр зэгъэуIуа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и социальнэ лэжьакIуэм,

Нэзрэн Иринэ Хьэлым и пхъум - «ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм IэнатIэ яIэнымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм,

Ступак Светланэ Виктор и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм и къудамэм - Прохладнэ щIыналъэмрэ Прохладнэ къалэ округымрэ щиIэм «Республикэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и центр зэгъэуIуа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм пIалъэ къыхэмыгъэкIауэ зэфIагъэкIын хуей социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ и IэнатIэм и социальнэ лэжьакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ

2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м

№54-УГ

«Адыгэ псалъэр» къыщIыхэсхыр

«Адыгэ псалъэ» газетыр зэпымыууэ зыIэрыхьэ ди щIэджыкIакIуэхэм яхэтщ зи псалъэмрэ гупсысэмрэ пщIэ хуэфащэ, зи IуэхущIафэкIэ щапхъэ, зи чэнджэщхэр щIэблэм я дежкIэ щхьэпэ нэхъыжьыфIхэр. НэхъыщIэIуэхэм адыгэ журналисти-кэр IэщIагъэ тхуэхъунуи дегупсыстэкъым иджыри, лъэпкъым и джэлэс нэхъыжьыфIхэр адыгэ газетым ныбжьэгъу пэж къыщыхуэхъуам. Зэман кIыхь хъуауэ ахэр кIэлъоплъ газетым, зэрахьэ абы къытехуэ тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ ди щIэджыкIакIуэ набдзэгубдзаплъэ Хъуран Мухьэмэд. НэхъыжьыфIым илъэс 74-рэ и ныбжьщ, Къулъкъужын Ипщэ къуажэм щыщщ. И IэщIагъэкIэ прорабщ, Германием дзэ къулыкъум щыпэрыту къигъэзэжа нэужь, Налшык ухуакIуэ техникумыр къыщиухати, Алтай крайм ягъакIуэри и IэщIагъэм ирилэжьащ пIалъэкIэ. ИужькIэ, къыщалъхуа къуажэм игъэзэжри, ухуакIуэ бригадэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Мы зэманми унагъуэ лэжьыгъэм пэрытщ - жыгхэм кIэлъоплъ, хадэм йолэжьыхь, хуабэщым бэдрэжан щегъэкI. «Адыгэ псалъэ» газетым, абы и къыдэкIыгъуэ нэхъ щIэщыгъуэхэм, журналистхэм я хъэтIым, адыгэ газетыр лъэпкъым папщIэ щыIэн зэрыхуейм теухуауэ Мухьэмэд и гупсысэхэр щхьэпэщ:

Адыгэм дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр дуней тетыкIэ екIу зиIэ лъэпкъ дахэм зэрыщыщыр гукIи псэкIи зыхищIэнырщ. Адыгэбзэр Iэпкълъэпкъым хэтщ, гупсысэм и къигъэхъуапIэщ. «Адыгэ псалъэ» газетыр адыгэбзэм и зы пщалъэщ, бзэр щыIэнымкIэ Iэмалхэм ящыщщ. Газетым уеджа нэужь, гупсысэ куэд уи щхьэм щызокIуэ. Абы къытехуэмрэ уэ езым уи еплъыкIэмрэ щызэтехуэкIэ, сыту гуапэ! Адыгэ газетыр зэрысщIэжрэ тызодзэ. И пэм щыщIызодзэри напэкIуэцI псоми соплъ, япэу сызэджэнухэр соубыху. Си гум нэхъ дыхьэ тхыгъэхэмкIэ къыщIэздзэу щIэзджыкIа нэужь, къыкIэлъыкIуэну къыдэкIыгъуэхэми сапоплъэ. Сыту жыпIэмэ, гугъэ сэзыгъэщI, сызыгъэгуфIэ тхыгъэхэр къытохуэ.

ЦIыхухэм я еплъыкIэр зэхуэдэкъым. Хэт спортым теухуа тхыгъэхэр нэхъ фIэщIэщыгъуэщ, хэт егъэджэныгъэм е щэнхабзэм нэхъ зыщагъэгъуазэ, хэт хъыбархэр фIэфIщ, хэти медицинэ Iуэхум теухуахэм нэхъ къытоувыIэ.

ХъыбарыфI къизджыкIыну, цIыхухэм я зэхущытыкIэ дахэ щыслъагъуну, цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ щыхьэт техъуэ хъыбархэм зыщызгъэгъуэзэну, нэхъыжьыфIхэм ятеухуа тхыгъэхэм сригушхуэну сфIэфIщ. Аращ «Адыгэ псалъэ» газетыр къыщIыхэсхыр. СыщогуфIыкI газетым щылажьэхэм адыгэбзэ къабзэ зэраIурылъым. Тхыгъэхэм сыкъеджа нэужь, Iэмал имыIэу соплъ ар зытхам. Абы къытехуэ цIэ-унэцIэхэр си нэIуасэщ. Илъэс куэд хъуауэ тхэхэми, нэхъ щIалэIуэхэми яIурылъщ бзэ дахэ. Анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэным теухуауэ адыгэ газетым мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ. Абы теухуауэ жэуап яхь ар къыдэзыгъэкIхэми. Мыри къыхэзгъэщыну си гуапэт: дуней псом адыгэхэр фIыкIэ къызэрыщацIыхум нэхъри щыгъуазэ уещIыфI газетым. Сэ апхуэдэ хъыбарыфIхэм сыкъеджэху, лъэпкъым нэхъри фIы къехъулIэну сыхуохъуахъуэ!

Сыдихьэхыу сыкъоджэ дохутыр IэщIагъэм теухуауэ газетым къытрадзэхэм, медицинэм ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъагъуэу, лэжьыгъэфIхэр зэфIагъэкIыу, щIэныгъэм къэхутэныгъэ гуэрхэр щрагъэкIуэкIыу, цIыхухэр зыгъэгуауэщхьэуэ узыфэхэр ягъэхъужу хъыбар къыщыхьа тхыгъэхэм. Спортым теухуа хъыбархэри дэзгъэхуркъым. НыбжьыщIэхэр спортым драгъэхьэхри, дуней псом ехъулIэныгъэхэр яIэу зыкъыщагъэлъагъуэ. АтIэ гухэхъуэкъэ ди сабийхэр сыт хуэдэ щIыналъэми зэфIэкI яIэу къыщацIыхуныр!

«Адыгэ псалъэ» газетым сыкъыщеджэкIэ, япэу мыхьэнэ зэстыр тхыгъэхэм я псалъащхьэхэрщ. Тхыгъэм фIащам укъыдихьэха нэужь, Iэмал имыIэу абы итым укъеджэнущ. «Мыпхуэдэ фIэщIыгъэ гъэщIэгъуэн зиIэр сыту пIэрэ зытеухуар?» жыбоIэри, зумыгъэтIылъэкIыу, асыхьэту укъоджэ. ФIэщыгъэмрэ тхыгъэмрэ уарэзыуэ зэхуэбгъэкIуа нэужь, унэм щIэс нэхъыщIэхэри зыбгъэдыбошэри, газетым къибджыкIа гупсысэ бзыгъэхэм ящыщхэмкIэ удогуашэ. АтIэ ар газетым и дежкIи пщIэщ - лъэпкъым и нэхъыжьхэмрэ и щIэблэмрэ я зэхуаку гупсысэ узыншэ зэрыдилъхьэр. Тхыгъэхэм я купщIэ къабзэм, узыIэпызышэ псалъащхьэм, лъэпкъым и дуней тетыкIэм теухуа тхыдэ гупсысэм, ныбжьыщIэхэр зыхэт хъыбархэм щIалэгъуалэр нэхъ къыдахьэхыну къысщохъу.

ИтIани, зы мащIэкIэ мыри сигу къоуэ: адыгэ псэукIэм, къуажэ гъащIэм, пасэрейм хэлъа IущыгъэхэмхэзыщIыкI куэд диIэщ республикэм. Апхуэдэхэр нэхъыбэрэ евгъэблагъэурэ, я гупсысэхэмрэ IуэхущIафэхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа уэршэрхэр девгъэкIуэкIрэ абыхэмкIэ фыкъыддэгуэшэжамэ, фIы хъунут. Мис апхуэдэхэр нэхъ къыдомэщIэкI щIэджыкIакIуэхэм.

ЩIалэгъуалэм ящыщу адыгэ газетым еджэр зэрымащIэри ди жагъуэщ. Си фIэщ мэхъу - телефоныр куэдыIуэрэ зыIыгъ щIалэгъуалэм газетыр къыпхуегъэщтэжынущ. Журналистхэм абы теухуауэ къалэнышхуэ фи пщэ къыдохуэри, екIуу фыпэлъэщыну сыфхуохъуахъуэ. Тегушхуауэ фылажьэ. Дэри фи тхыгъэхэм дапоплъэ, доджэ, дызэджам дытопсэлъыхьыж.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

Къалащхьэм щызэфIэгъэкIыпхъэхэр

Республикэм и къалащхьэм щызэфIэгъэкIыпхъэ зи чэзу Iуэхухэм теухуа зэIущIэ КIуэкIуэ Казбек дригъэкIуэкIащ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий.

«ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм ди республикэм и къалащхьэм щызэтеублауэ екIуэкI лэжьыгъэфIхэм унэтIыныгъэ псомкIи пытщэнущ. Зи къалэр фIыуэ зылъагъу, абы къыщекIуэкIхэм гуузлыуз хузиIэ налшыкдэсхэм адэкIи жыджэру ядэлэжьэн хуейщ.

Азэмэтджэрий Мухьэмэд и къуэм щыгъуазэ сищIащ лэжьыгъэ Iуэхук Iэ щIыпIэхэм зэрыщыIам, къалэдэсхэм зэIущIам кърикIуахэм. Налшык и инфраструктурэм зегъэужьыным пыщIа лэжьыгъэхэр куэд мэхъу - спорт ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкI, еджапIэхэмрэ медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ зэрагъэпэщыжым и мызакъуэу, абыхэм къедза щIыпIэхэри зэIузэпэщ ящI.

Апхуэдэщ цIыху зэхуэсыпIэ-зыгъэпсэхупIэ паркхэр, утыкухэр, лъэс зекIуапIэхэр - а лэжьыгъэхэр езы Налшыки абы пэгъунэгъу жылэхэми щызэфIагъэкI.

Апхуэдэу дытепсэлъыхьащ гъуэгутранспорт IэнатIэм зегъэужьынми. Мы зэманым къалащхьэм щызэрагъэпэщыж уэрам зыбжанэм я гъуэгухэр, лэжьыгъэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ.

Гулъытэ хэха хуэтщIу дыкъытеувыIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшыным хэлъ гугъуехьхэми - ахэр щыIуашыну пIалъэхэр убзыхуным, техникэ хэхахэр, пхъэнкIийхэр зрадзэнухэр къэщэхуным.

Ди республикэм и къалащхьэ нэхъри зызыубгъум щыпсэухэм я зэIузэпэщыгъэр, псом хуэмыдэу туристхэр куэду къыщытхуеблагъэ гъэмахуэ лъэхъэнэм, япэ идгъэщ къалэнхэм ящыщщ. УнэтIыныгъэ псоми зэпымыууэ ди нэIэ ятедгъэтынущ, къалэр абы щыпсэухэми ди хьэщIэхэми я дежкIэ нэхъри зэIузэпэщу щытын папщIэ», - щитхащ республикэм и Iэтащхьэм Максым щиIэ напэкIуэцIым.

ХэкупсэлI гъащIэр езыхьэкIа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и 2 - 3-нэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта, хэкупсэу гъащIэр езыхьэкIа ЛIыхэс Заурбий Къасым и къуэр (1943 - 2026) ящыщщ ди щIыналъэм, къэралым и ефIэкIуэныгъэм псэ хьэлэлу хуэлэжьахэм. КъулыкъущIэ цIэрыIуэу, къыщалъхуа, зыщыпсэу щIыналъэхэм, къэралым я зыужьыныгъэр и плъапIэу, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшу, адыгэлI нэсу щыта ЛIыхэсым теухуа гукъэкIыжхэмкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм нобэ къыддогуашэ абы ныбжьэгъу пэжу иIахэр.

«ЛIЫХЭС Заурбий Адыгэ Республикэм и Теувэж районым хыхьэ Хьэлъакъуей жылэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, щIалэщIэм еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ИужькIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Новочеркасск дэт политехникэ институтым, «инженер-механик» IэщIагъэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуищIу.

Заурбий Къасым и къуэм жэуаплыныгъэ куу зыхищIэу, зэхэщIыкI бгъэдэлъу ирихьэкIащ зыпэрыта дэтхэнэ лэжьыгъэ IэнатIэри. Мастер къызэрыгуэкIыу лэжьэн щIэзыдза IэщIагъэлIыр нэсащ «КамАЗ»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ автоцентр къудамэм и унафэщI къулыкъум. А IэнатIэ лъагэм нэсын ипэкIэ ЛIыхэ-сыр лэжьащ «Лимб» заводым и диспетчер нэхъыжьу, мастер нэхъыщхьэу, «Трансмэкъумэштехникэ» транспорт IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIу, «Къэббалъкъпхъэщхьэмыщхьэ» IэнатIэм и инженер нэхъыщхьэу, «Агропром» ООО-м и унафэщIу.

ЛIыхэс Заурбий дапщэщи щытащ и Iуэху зехьэкIэкIэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэкIэ, цIыхум зэрахэткIэ куэдым я щапхъэу, зи мурадхэм лъэIэсыф, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрызыгъэхьэф, куэдым хущIэкъу икIи хунэс IэщIагъэлI Iэзэу. Хэлъа цIыхугъэ лъагэм, зэхэщIыкI куум, зэпIэзэрытыгъэм, гъэсэныгъэ дахэм, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэшхуэу зэрыщытым ЛIыхэсым хуэфащэ дыдэу къыхуихьащ зыхэта гупым, и ныбжьэгъухэм, зыцIыхуу щытахэм къабгъэдэкI пщIэрэ нэмысрэ.

Къыхэдгъэщынщи, ЛIыхэсыр «Агропром» зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыщытам абы къыщIигъэкI продукцэм фIагъымкIэ сертификат кърату, къэрал мардэхэм къитIасэу сыт щыгъуи щытащ, щIэупщIэ иIэуи щIыналъэм щызэбгрыкIырт. Апхуэдэу абы къыщалэжь продукцэхэр хэтт, ехъулIэныгъэфIхэри къыщихьырт къэралпсо зэпеуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм я утыкушхуэхэми щаIэтырт.

«КамАЗ»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ автоцентр къудамэм и унафэщIу щыту, Заурбий хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ а унэтIыныгъэм ди щIыналъэм зыщиужьыным, егугъуащ лэжьыгъэфI къезыхьэлIэ IэщIагъэлI гуп зэгъэуIуным, Iуэхур дэкIын папщIэ хэкIыпIэфIхэр сыт щыгъуи къилъыхъуэ зэпыту. Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэщ абы зыпэрыта IэнатIэ псоми щрихьэкIар, Iуэхур иригъэфIакIуэу, зи пашэ IэнатIэр республикэм, къэралым щынэхъыфIхэм яригъэлъытэу.

Ди ныбжьэгъуфIым зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ Шэджэм щIыналъэм налог IэнатIэм зыщиужьыным. Заурбий къыбгъэдэкIа жэрдэмыр и лъабжьэу а районым щауухуауэ щытащ абдж щащI, абы щелэжь заводрэ автокъалэ цIыкIурэ. А проектхэр щытхъу иIэу къыщащтауэ щытащ КъБР-м и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту лажьэ ИнвестицэхэмкIэ советым и зэIущIэм. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, абджхэкIхэр иращIыну заводым щагъэуват Чехием къраша оборудованэ лъэщхэр. Апхуэдэу ЛIыхэсым и мурадат хамэ къэралхэм къраш автомашинэхэр щащэ, апхуэдэхэр щызэрагъэпэщыж IуэхущIапIэ ину тху Шэджэм щIыналъэм къыщызэригъэпэщыну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей проектыр гъэзэщIа хъунымкIэ жэрдэмыр нэсу даIыгъакъым.

ЛIыхэс Заурбий лэжьыгъэ щхьэпэ куэд зэфIихащ ди къэралыр зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм щитам щыгъуэ. Абы и фIыгъэшхуэ хэлъащ цIыху куэдым лэжьыгъэ IэнатIэхэр яфIэмыкIуэду щытыкIэ гугъум къызэрикIыфам. Гудзакъэ, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъу дунейм тета а цIыху псэ къабзэр жылагъуэ лэжьыгъэхэми жыджэру хэтащ дапщэщи. Ар гурэ псэкIэ ядэIэпыкъурт гъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува цIыхухэм, зауэм и ветеранхэм. Заурбий и гулъытэ ялъэIэсырт ди республикэм щылажьэ медицинэ, егъэджэныгъэ, социальнэ, спорт IуэхущIапIэхэм, и мылъкум щыщ яхухихырт узыфэ хьэлъэ зыпкърыт балигъхэми ныбжьыщIэхэми, сабий унэхэм я гъэсэн цIыкIуэхэр щIэх-щIэхыурэ тыгъэ гуапэхэмкIэ игъэгуфIэрт.

КъБР-м и Парламентым и депутату щыту, ЛIыхэс Заурбий жыджэру хэтащ хабзэубзыху IэнатIэм БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым щызэфIагъэкI Iуэху псоми. ЗэхэщIыкI куу, гупсысэ жан зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр лэжьыгъэ купщIафIэкIэ дапщэщи хэуващ республикэм и хабзэхэр къыщащтэ зэхуэсхэм, щIыналъэм щыщыIэ жылагъуэ-политикэ гъащIэр, экономикэр егъэфIэкIуэным и телъхьэу. Псом япэ иригъэщыр къэралым, республикэм, абы щыпсэу цIыхухэм я Iуэхур дэкIынырт.

ЛIыхэс Заурбий Къасым и къуэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэманым, унафэщI щыпкъэм, акъылыфIэм, унэтIакIуэ, чэнджэщэгъу Iущым, бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэхэмрэ зэфIиха лэжьыгъэ купщIафIэхэмрэ къэрал гулъыти игъуэтащ. «КъБР-м промышленностымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъагэр зыфIаща IэщIагъэлI Iэзэм мызэмытIэу хуагъэфэщащ ди щIыналъэми Адыгэ Республикэми я дамыгъэ, щIыхьыцIэ лъапIэхэр. Абыхэм ящыщщ АР-м и Хасэм къыбгъэдэкI «Хабзэ. Къалэн. ЩIыхь» орденыр. Апхуэдэу Заурбий щалъхуа Хьэлъакъуей жылэм щIыхь зиIэ и цIыхут. А цIэ лъапIэр зыхуагъэфащэр къызыдэкIа къуажэм, районым я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыхухэращ. Апхуэдэт ныбжьэгъуфIу диIа ЛIыхэс Заурбий.

Иджыблагъэ дунейм ехыжа гъащIэр, цIыхур фIыуэ зылъагъуу псэуа, зи жылэм, Хэку-анэм, къэралым я ехъулIэныгъэхэм гурэ псэкIэ хуэлэжьа IэщIагъэлI Iэзэ, унафэщI IэкIуэлъакIуэ ЛIыхэс Заурбий Къасым и къуэм и фэеплъыр куэдрэ ягу илъынущ абы къыдэлэжьа, и нэIэм щIэту Iуэху зэфIэзыха, ныбжьэгъуу зиIа, зыцIыхуу щыта куэдым. ЖэнэткIэ гуфIауэ къыщIэкIыну дыхуолъаIуэ. КъыщIэна унагъуэри узыншэу куэдрэ кIэлъыпсэуну, бынхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэхэм щапхъэрэ гъуазэ яхурехъу япэ ищам и фэеплъ нэхур.

Дыпхуэныкъуэнущ, ди ныбжьэгъуфI. ДунеягъэкIэ Алыхьым укъимыгъэхъуапсэ».

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Линэщ.

ЩIэныгъэр зи тегъэщIапIэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жылагъуэ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэ щхьэпэ щокIуэкI. Ари гурыIуэгъуэ хуэдэщ: абы щеджэхэращ пщэдейрей махуэхэм я къызэгъэпэщакIуэ, цIыхубэм я тыншыгъуэмрэ псэкупсэ дунеймрэ я узэщIакIуэ хъуну къызыпэщылъыр. ЩIэныгъэр тегъэщIапIэ зыщI цIыхум и зэхэщIыкIым къитIэсэнущ гъащIэр сом къэлэжьыным и мызакъуэу, псэмрэ акъылымрэ зезыгъэужь щIыпIэу зэрыщытыр. Апхуэдэ цIыхур хущIэкъунущ зыпэрыт IэнатIэм къиищынэмыщIауэ, абы къепха нэгъуэщI IэщIагъэхэми хищIыкIыным, ахэр лъэпкъ Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIыныр дэтхэнэми хьэкъыу и пщэ зэрыдэлъым трищIыхьу. Апхуэдэ гупсысэм ухуишэрт КъБКъУ-м иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэ щхьэпэм.

ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрыр пэхуэщIэ хьэлэмэтхэм я жэрдэмщIакIуэ зэрыхъурэ зыбжанэ щIащ. Центрыр къыщызэрагъэпэща махуэм къыщегъэжьауэ, зи цIэр зэрихьэ лIы щыпкъэм хуэфэщэн гукъэкI дахэ Iэджэ къыхелъхьэ. Ахэр зытеухуар анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ я закъуэкъым. Центрым гулъытэ хуещI къекIуалIэ щIалэгъуалэм я дуней лъагъукIэм зезыгъэубгъу Iуэхугъуэхэр нэхъыбэ зэрищIыным. Абыхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ «Ди уэршэрэгъухэр. Лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэр» зи фIэщыгъэ пэхуэщIэр. Ар къыхэзылъхьари езыгъэкIуэкIри центрым и лэжьакIуэ, адыгэ журналист цIэрыIуэ Жыгуэ Иннэщ.

Адыгэ пщащэр хущIокъу зэгуэр езым къиуха еджапIэм щIэсхэу лъэпкъ IэщIагъэр къыхэзыхахэм я дуней лъагъукIэмрэ гупсысэкIэмрэ къэзыIэт Iуэхугъуэ кIэ я студент гъащIэр игъэнщIыну, гуимыхуж къащыхъуну пэхуэщIэхэмкIэ ахэр адыгэ жылагъуэ гъащIэм къыхишэну. Апхуэдэу абы къригъэблэгъащ лъэпкъым щыщу щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм гуащIафIэу хуэлажьэ ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр. Мызыгъуэгум Жыгуэр тегушхуащ къэрал къулыкъущIэмрэ лъэпкъ гъащIэмрэ я зэпылъыпIэм ирикIуэну, зи щIэныгъэрэ IуэхущIафэ дахэхэмкIэ цIэрыIуэ, КъБР-м и япэ вице-премьер Къуныжь МуIэед центрым къригъэблагъэу адыгэ ныбжьыщIэхэм яригъэпсэлъэну.

Центрым къыщызэхуэсахэм хьэщIэр гуапэу езыгъэцIыхуа, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ГъукIэпщокъуэ Мурат къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм и зыужьыныгъэр куэдкIэ зэлъыта, щапхъэ зытепх хъуну цIыху цIэрыIуэхэр КъБКъУ-м щIэх-щIэхыурэ къызэрыкIуэр гуапэ щымыхъункIэ Iэмал иIэкъым, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи мыхьэнэшхуэ ирет.

- Си гуапэщ Адыгэ щэнхабзэ центрым иригъэкIуэкI Iуэхугъуэ щIагъуэхэм ящыщу ди щIэблэм гукъинэж ящыхъуну уэршэрхэр къызэрызэригъэпэщыр. Абы и мыхьэнэр занщIэу къыпхуэмыубыдынкIи хъунущ, ауэ щыIэныгъэм и пIалъэм фIыуэ щыгъуазэ хуэхъуа цIыхум и гупсысэкIэр зыкъомкIэ хьэлэмэтщ, - жиIащ ГъукIэпщокъуэм. - Дзыхь къыуигъэзу уэршэрэгъу къыпхуэхъуам и псалъэм къыхэщынущ абы зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм кIуэрабгъу яхуэхъуа Iуэхугъуэхэр, ар зыщIэхъуэпсу, абы зызыпыIуидзу щытахэр, гъащIэ гъуэгум техьэ ныбжьыщIэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыпхъэхэр. ЗыжраIэ нэхърэ - зраIуэкI, жыхуаIэм хуэдэу, ныбжьыщIэми ар гувэ-щIэхми и щхьэм къихьэжынущ, иригъуэзэнкIэ зэрыхъунуми шэч хэлъкъым. КъБКъУ-м лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, гъэсэныгъэм хуэгъэпсауэ. Дызэрыт илъэсыр зытеухуар, зэрытщIэжщи, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэращ. Абы къалэнышхуэ ди пащхьэ кърелъхьэ, ныбжьыщIэхэм я гупсысэкIэр гъуэгу занщIэм тегъэувэным теухуауэ, а зэкъуэтыныгъэкIэ дызэджэ Iуэхум и купщIэр къызэкIуэцIыхыным хуэгъэзауэ. Мы къалэныр нэсу зэщIэным и гуащIэ хилъхьэфынущ Адыгэ щэнхабзэ центрым. Ди щIэблэм я псэкупсэ дунейр игъэщIэ лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI щэнхабзэкIэ псыхьыным нэхъыфIи нэхъыщхьи щыIэу къыщIэкIынкъым. Мы зэIущIэри абы хуэгъэзащи, си гуапэщ ди гуращэхэр къыддэзыIыгъ къулыкъущIэхэри хьэщIэ зэрытхуэхъур. Ди лъэпкъ дунейм и лъабжьэр адыгэбзэращи, ар хъумэныр, ар зыужьыныгъэ гъуэгум тешэныр Iэмалыншэу къытпэщылъщ. Адыгэ филологиемкIэ кафедрэм абы хуэунэтIауэ пэхуэщIэ щIэщыгъуэ куэд иIэщи, ахэр зэщIа хъу къудеймэ, ди лъпэкъыбзэр гъуэгушхуэ зэрытеувэнум, абы и пщIэм фIыуэ зэрызиIэтынум шэч хэлъкъым.

Къуныжь МуIэед псалъэ щратым, къыхигъэщащ ГъукIэпщокъуэм зи гугъу ищIахэм мыхьэнэ зэраIэр. Абы жиIащ КъБКъУ-м къызэрыкIуар и къулыкъум зэремыпхар, атIэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ зэрырипIейтейм, щIапхъэрэ лэжьыпхъэу щыIэхэр зыхуэдэр зригъэщIэным къызэрыхэкIар, щIэгъэкъуэн хъумэ, зыхуэгумащIэ Iуэхум и Iыхьэ хилъхьауэ къызэрилъытэнур.

- ГъащIэм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, напIэдэхьеигъуэкIэ улъэщIэмыхьэжу укъыкIэрыхункIэ хъунущ, уи нэIэ ятемытмэ, къэхъункIэ хъунум ухуэхьэзыру щымытмэ. ЗэрытщIэщи, дунейр цIыкIу хъуащ. ЦIыхухэр дэнэ щыIэми, технологием и Iэмалхэм я фIыгъэкIэ псынщIэ дыдэу зэлъоIэс, кърахьэжьа Iуэхугъуэ куэд щIэхыу зэфIагъэкI, жэрдэм гъэщIэгъуэн куэд къыщыхалъхьэри, акъыл зэхэдзэкIэ зэфIах. ЦIыкIу хъу дунейм Iэмалыншэу лъэпкъ мащIэхэр декъуэз. Сыт ар къызыхэкIыр? Информацэр зэщIэкъуа хъуащи, ар зэIэпызыхын хуей лъэныкъуэхэр къагурыIуэ бзэм йопхъуэри, абы утыкур еубыд, и лъэкIыныгъэхэр нэхъ лъэщ мэхъу. Ди бзэми и зэфIэкIхэм текъузэн хуейщ, абы и къарур щIалэгъуалэм IупщI зэрахуэхъун бгъэдыхьэкIэхэр щымыIэныр Iэмал зимыIэщ. Интернетымрэ технологиемрэ я гупкIэм итIысхьэ бзэр гъащIэм къыкIэрыхунукъым, лъэ быдэкIэ увынущ. КъищынэмыщIауэ, глобализацэкIэ дызэджэм лъэпкъым зэрызихъумэжын, и цIыхущхьэмрэ щIэжымрэ къызэрызэтенэн Iэмалхэми хэкIыпIэ къахуигъуэтын хуейщ. Дауи, гугъущ пасэрей хабзэхэр зэрыщыткIэ нобэ зепхьэныр, абы и хуэIухуэщIэ псори ди щыIэныгъэм хэбгъэтыныр. Абы абы къикIыркъым ахэр зыщыдгъэгъупщэу IэщIыб щIын хуейуэ. Адыгэ Хабзэм Iуэхугъуэ куэд къызэщIеубыдэ, даудапщэ лъэныкъуэм и мызакъуэу. Апхуэдэу адэ-анэм, нэхъыжьым пщIэ яхуэщIыныр, хьэл-щэн екIу, гущIэгъу, гумащIагъэ, гулъытэ пхэлъыныр. Адыгагъэм пкъощIэсэ хуэхъу мыпхуэдиз дахагъэм Iэджэ хабзи дэмыкIуэдыжу къызэтринэнущ. Абы къыщыувыIэркъым. Адыгэбзэ дахэ пIурылъынри, абы махуэ къэс хэбгъэхъунри къалэнышхуэщ. Зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зыщIэращ адыгэм и тхыдэри, и щэнхабзэри, и лъэпкъыщхьэри зезыхьэр.

Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэри къыщежьэр цIыхум и егугъуныгъэращ. Зэпымычу узэлэжьыжын, нэхъыфI узэрыхъуным ухущIэкъун хуейщ. Апхуэдэ ерыщагъэр щхьэпэщ лъэпкъыщхьэр хъумэн и IуэхукIи. IэщIагъэлI нэс къыпхэкIыныр, IэнатIэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху ухъуныр - къэралри жылагъуэри зыпэплъэ щытыкIэщ, - жиIащ Къуныжь МуIэед.

Апхуэдэу Къуныжьым къыхигъэщащ тхылъ еджэным зэман къызэрыхуигъуэтри.

- Дызыхэт лэжьыгъэм тхылъым гулъытэ хуэтщIыным зэман хухэдмыхыжыфыным дынегъэс. Ауэ, зэрыслъэкIкIэ, ар IэщIыб сщIыркъым, тхылъ седжэну сфIэфщ. ХэубыдыкIауэ литературэ жанр гуэр къыхэзгъэщыфынукъым, сфIэфIщ художественнэ тхыгъэхэри, си жагъуэкъым тхыдэ къэхутэныгъэхэри. Фантастикэ жанрым ит тхыгъэхэм сыщеджи къыхокI. АдыгэбзэкIэ тхылъ еджэныр сфIэфIщ. Ауэ, иджырей дунейм и кIуэкIэм уеплъмэ, адыгэбзэ аудиотхылъхэр зэрымащIэр къыхэгъэщын хуейщ. Тхылъ къэзыщтэфыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъури, а Iэмалыр цIыхухэм яIэщIэмыхужыпэн щхьэкIэ, аудиотхылъым егупсысын, я бжыгъэм хэгъэхъуэн хуейт. СызэреплъымкIэ, адыгэбзэмкIэ кафедрэм ар пэхуэщIэ щхьэхуэу къыхуэщтэнут, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я къежьапIэу къыхущIэкIынут, - къыхигъэщащ Къуныжь МуIэед.

И псалъэм и кIэухыу къулыкъущIэр щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ, зыхуеджэ IэщIагъэм ифI дэтхэнэми къекIыну, IэнатIэм и щIагъуэ псори щыпсэу лъахэм хуагъэлэжьэну, цIыху щыпкъэу дунейм тетыну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, заузэщIыну. Апхуэдэу абы быдэу жиIащ КъБР-м и унафэщIхэм щIалэгъуалэ Iуэхухэр зэи гулъытэншэу къызэрамыгъэнэнур.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, абы и къызэгъэпэщакIуэ Жыгуэ Иннэ къыхигъэщащ къулыкъущIэр къазэрыхуеблэгъам, щIалэгъуалэм гуапэу зэрадэуэршэрам нэщэнэфIхэр зэрахилъагъуэр.

- ГъащIэм хэбакъуэ цIыхум дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ нэхъыжьыр къызэрепсалъэ, ар абыхэм къазэреущие щыкIэм. НэхъыжьыфI здэщымыIэм нэхъыщIэфI щыIэкъым, жаIэ. Дызыхэт дунейм Iэджэ дэдзыхыпIи иIэщ, утещхьэрыукIмэ, гъуэгу пхэнж утришэну. Ар къэмыхъун папщIэщ цIыху Iущхэр къыщIедгъэблагъэр, зи IэнатIэмрэ къалэнымрэ хьэлэлу пэрытхэм уэршэр купщIафIэ-хэр щIетщIэкIыр. НыбжьыщIэм и зэхэщIыкIыр щызэтеувэр еджапIэ нэхъыщхьэращ. Абдеж къыщыIущIа цIыху губзыгъэращ абы щапхъэ хуэхъури и дуней лъагъукIэр зыунэтIри. Нэхъыщхьэращи, ныбжьыщIэм и бзэкIэ къепсалъэ и лъэпкъэгъу нэхъыжьращ ар гъуэгу захуэ тезыгъэувэр, и къежьапIэхэм хуригъэплъэкIыжрэ, анэдэлъхубзэми щэнхабзэми пщIэ яхуищIынкIэ Iэмал имыIэу гупсысэ къыхуэзыгъэушыр. Къуныжь МуIэед адыгэбзэкIэ щIэхыущIэхыурэ къыдэпсалъэ, зи гупсысэр жан, зи Iуэхур нахуэ нэхъыжьыфIхэм ящыщщи, зэман тхухихыу къызэрытхуеблэгъам хуабжьу дыщогуфIыкI, и IэнатIэм гуащIафIэу, узыншэу щылэжьэну ди гуапэщ, - жиIащ Жыгуэ Иннэ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Унагъуэхэм я дэIэпыкъуныгъэщIэ

2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэ IэмалыщIэ къыхалъхьащ. Ар тещIыхьащ лажьэу IэнатIэ Iут, сабиитI е нэхъыбэ зиIэ адэ-анэхэм. А гупым хиубыдэхэм я хэхъуэм щхьэщатыкIа налогым и Iыхьэ илъэс къэс иратыжынущ. Къэрал дэIэпыкъуныгъэщIэр УФ-м и Президентым и пщэрылъкIэ Къэрал Думэм игъэбелджылащ.

ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭР зэрагъэув пщалъэхэм, ар зэрагъэпэщыну хуит цIыхухэм, лъэIу тхылъыр зэрат щIыкIэм иджыблагъэ къыщытхутепсэлъыхьащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм.

ЗэIущIэм хэтащ IуэхущIапIэм сабий зиIэ унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр етынымкIэ и къудамэм и унафэщI Маргъущ Галинэ, Урысейм и Социальнэ фондым сабий зиIэ унагъуэхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщI Къагъырмэс Валерэ, журналистхэр.

Маргъущ Галинэ къызэрыхигъэщамкIэ, зэрызыщIагъакъуэр къаIэрыхьэфынущ ипэ ита илъэсым унагъуэм ику иту къыхэхъуа ахъшэр щIыналъэм ущыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеим хуэдэу 1,5-м щIимыгъухэм.

- Унагъуэ дэIэпыкъуныгъэр зратынухэм хохьэ къэрал IуэхущIапIэ Iуту лэжьахэри хьэрычэтыщIэхэри. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зи лэжьапщIэм налог щхьэщызытыкIахэр. Абы хиубыдэхэм я ахъшэм хагъэкIар проценти 6-кIэ (процент 13-м и пIэкIэ) къабжыжынущ икIи зэрызэщхьэщыкIыр цIыхум иратыжынущ. Аращ зытещIыхьар илъэс къэс унагъуэхэм зэрызащIэдгъэкъуэну IэмалыщIэр, - жиIащ Маргъущым.

Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ дэIэпыкъуныгъэр кратын папщIэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ цIыхухэм я лъэIу тхылъхэр «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» порталымкIэ ирагъэхь е МФЦ-мрэ Соцфондым и къудамэмрэ зыхуагъазэ зэрыхъунур. Унагъуэм ику иту къыхэхъуэр къыщабжкIэ къалъытэнущ: улахуэр, пенсэ ахъшэр, стипендиехэр, зи щхьэ хуэлэжьэжхэм я хэхъуэхэр, банкым халъхьа ахъшэм къыпэкIуахэр (зи ныбжьыр илъэс 18 мыхъуам и цIэкIэ къызэIумыхамэ), сабийм папщIэ унагъуэм зэуэ ират ахъшэр.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, IэмалыщIэм хиубыдэнукъым, алиментымкIэ щIыхуэ ятелъмэ. «ДэIэпыкъуныгъэр зыхуагъэфащэхэм щыхэплъэкIэ унагъуэм я мылъкур зыхуэдизри къапщытэнущ. Псалъэм папщIэ, ар иратынукъым унагъуэм зы унэ нэхърэ нэхъыбэ яIэу къэгъэлъэгъуамэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы къэрал дэIэпыкъуныгъэм унагъуэ мелуани 4-м щIигъу къызэщIрагъэубыдэфынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и бжыгъэр унагъуэ мини 100 щыхъуну худогъэфащэ», - къыхигъэщащ Маргъущ Галинэ.

Къагъырмэс Валерэ жиIащ зэрызыщIагъакъуэ IэмалыщIэр псом япэу сабий зиIэ унагъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэрыхуагъэпсар. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, дэIэпыкъуныгъэр зратынухэм яхэхуэнур унагъуэм ис зы цIыхум и хэхъуэр сом мин 28-рэ 941-м щIимыгъуу щытмэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

И лъахэгъухэр егъэгушхуэ

Тырныауз къалэм Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щагъэлъэпIащ тхьэмахуитI ипэкIэ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дыщэ медаль ещанэу къыщызыхьа Локьяев Жамболэт. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, Iуащхьэмахуэ районым и Iэтащхьэ Отаров Мухъутар сымэ, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Къэрэшей-Шэрджэсым, Хьэсэней, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм я лIыкIуэхэр, спортым дихьэххэр, спортсменым и Iыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Отаров Мухъутар жиIащ нобэ ягъэлъапIэ спортсмен цIэрыIуэм и текIуэныгъэм Хэку «цIыкIум» дежкIэ мыхьэнэ ин зэриIэр.

«Къэралым и зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэм зэфIэкI лъагэрэ ерыщагъырэ къыщигъэлъагъуэри, Жамболэт и текIуэныгъэ дахэмкIэ и лъахэгъухэм иджыри зэ Iэмал яритащ абы иригушхуэну. УФ-м алыдж-урым бэнэкIэ спортым и тхыдэм абы и цIэр дыщэпскIэ иритхащ», - жиIащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Локьяев Жамболэт къигъэлъагъуэ зэфIэкIхэм хуэдэхэр куэдым нобэ зэрамыIэр, зэкIэлъхьэужьу ехъулIэныгъэ лъагэхэр зэрызыIэригъэхьэр, къэралым и чемпионатхэм медаль зэхуэмыдэу пщIы къизыша ди республикэм и бэнакIуэхэм иджыпсту зэрахэмытыр.

«Сэри сыбэнащ, ауэ, пэжыр жысIэнщи, сэ сиIэкъым си къуэш нэхъыщIэ Жамболэт дэтлъагъу техникэ дахэхэм хуэдэ. Шэч хэмылъу, ар зэчиифIэщ. Олимп зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу нобэ абы изот «ФIыщIэ» кубокыр. Ар абы къилэжьащ», - жиIащ Къардэн Мурат.

Абы нэмыщI, зэIущIэм кърихьэлIахэм я гуапэ ищIу, Тырныауз къалэм Байзулаев Юсуп и цIэр зезыхьэ и спорт еджапIэм тыгъэ хуищIащ 2000 гъэм Австралием и Сидней къалэм щыIэу олимпиадэр езым къызэрихьа, лъагапIэм зэрытета и спорт щыгъыныр. А еджапIэм и унафэщIыр Жамболэт и тренер Локьяев Юрэщ.

Хэжь Заур псом япэу фIыщIэ ин яхуищIащ чемпионым и адэ-анэм - Сэфаррэ ФатIимэрэ.

«Абы и гъэсэныгъэмрэ щэнымрэ хуэдэ зыбгъэдэлъ куэд нобэ урихьэлIэнукъым. Апхуэдэ чемпионхэрщ ди щIалэгъуалэм щапхъэ зытрахын хуейр», - къыхигъэщащ министрым и къуэдзэм.

ИужькIэ, физкультурэмрэ спортымрэ щаIэ ехъулIэныгъэхэм щхьэкIэ, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр Хэжь Заур яритыжащ Локьяевхэ Жамболэтрэ Юрэрэ.

Апхуэдэуи, а пщыхьэщхьэм зэхуэсым кърихьэлIа хьэрычэтыщIэхэм, Локьяевым и лъэпкъым щыщхэм, нэгъуэщIхэми ахъшэ саугъэтхэмрэ фэеплъхэмкIэ чемпионыр ягъэлъэпIащ. Пшыхьыр ягъэдэхащ щIыпIэ къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ.

ЗэIущIэм и кIэм, Жамболэт и лъэпкъым къыбгъэдэкIыу, КъБР-м ухуэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, псапащIэ, жэрдэмщIакIуэ Локьяев Рашид къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ нобэ лъагэу яIэт щIалэм текIуэныгъэ дахэ куэд республикэм къызэрыхуихьынум, цIыхухэр зэригъэгуфIэнум, абы щхьэкIи, ахэр иджыри зэрызэхуэзэнум шэч къызэрытримыхьэр.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Дунейм щыхъыбархэр

Сом триллиони 7-м нэблагъэ

Санкт-Петербург щекIуэкIа дунейпсо экономикэ форумым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарь Кобяков Антон зэрыжиIамкIэ, зэхыхьэм сом триллиони 6,642-рэ и уасэ зэгурыIуэныгъэу 1084-рэ щызэращIылIащ.

«МЫ гъэм форумым цIыхушхуэ зэхуишэсащ, абы хэтащ мин 24,5-м щIигъу. КъищынэмыщIауэ, иджырей зэхыхьэм щIэупщIэ хъарзынэ щиIащ хамэ къэрал куэдым я деж. Абы щылэжьащ къэрали 142-м я лIыкIуэхэр», - щыжиIащ абы форумыр зэрекIуэкIар къыщапщытэж пресс-конференцым.

Тхылъхэм я мыхьэнэр

УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаил Правительствэм Сабий литературэмкIэ и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Зэхыхьэм кърихьэлIахэм защыхуигъазэм абы къыхигъэщащ сабийхэр гъэсэнымрэ унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ къэралым игъэпэрытхэм зэращыщыр, а Iуэхум цIыкIухэм яхуэтхэ тхакIуэхэми къалэн гуэр зэрыщагъэзащIэр, абы ипкъ иткIи, правительствэ саугъэтми мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

МИШУСТИНЫМ жиIащ къытщIэхъуэ щIэблэр художественнэ тхыгъэхэм дегъэхьэхыжыным зэрыхущIэкъупхъэр, иджырей сабийхэр гуапагъэм, дахагъэм, зэхущытыкIэ екIухэм хуэзыгъэуш Iуэхухэр къызыхэщ литературэ зэрыхуэныкъуэр, иджыпсту псори дэзыхьэхыIуа жып телефонхэм зэрыхъукIэ щыгъэун зэрыхуейр.

Мэкъуауэгъуэм и 9, *гъубж*

♦Архивхэм я дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Промышленность псынщIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1935 гъэм Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкIащ.

♦1949 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ**.

♦1964 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 10, *бэрэжьей*

♦1744 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу къалъытат.

♦1925 гъэм къалъхуащ режиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ерчэн Леонид**.

♦1949 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ**.

♦1959 гъэм къалъхуащ КъШР-м щыщ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ**.

♦1961 гъэм къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор **Тамэ Мухьэрбий**.

♦1988 гъэм къалъхуащ журналист, тхакIуэ, 2013 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIа «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм япэ вице-мисс щыхъуа **Щомахуэ Залинэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

<u>**Къытхэхъуащ**</u>

Къэбэрдей-Балъкъэрым *дыгъуасэ* къыщалъхуащ сабий 11. Абыхэм ящыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 4-р щIалэщ. Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 134-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3807-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыщэр чэзэпкIэ ягъэунэху, цIыхур IуэхущIафэкIэ зэхаху.

НэхъыжьыфI

НэхъыжьыфIым икъукIэ къалэнышхуэ щегъэзащIэ унагъуэм, жылэм, лъэпкъым, щIэблэм ятеухуауэ. Ар щапхъи, гъуази, гъуэгугъэлъагъуи, чэнджэщэгъуи мэхъу. Зы лIакъуэ узыншэ зэтеублэным ар лъабжьэ зэрыхуэхъум нэмыщIауи, а лIакъуэм щыщхэми сэбэп ирагъэкI къэзыухъуреихьхэми. Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщщ ГъукIэжь Анатолэ. Езыр зауэм и бынщ, и щIэблэри езым хуэфэщэну щыпэрытщ Iуэхухэм.

ЗЭШЫПХЪУПЛIЫМ я дэлъху нэхъыщIэщ Анатолэ. Адэм и фэеплъыр ехъумэ ар зыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэмкIэ, и анэм елъэIуурэ жригъэIэжахэмкIэ, зауэм щызэрихьа лIыгъэу зыщыгъуазэхэмкIэ. Ар и нэгум къызэрыщIигъэхьэм, и гум зэрилъым, и пщIэр зэриIыгъым тещIыхьауэ езым игъэбелджылащ и гъащIэ гъуэгур. ГуапагъэкIэ, ерыщагъкIэ, хэлъэткIэ, щIэныгъэкIэ япэлъэщащ гугъуехьхэм. Налшык къалэм щопсэу, абы IэнатIэ щыпэрытащ. Тэрч къалэм къыщалъхуащ, къыщыхъуащ. И нэхъыжьхэр лъэпкъкIэ Дейскэ къалэм щыщщ. «Ди адэм пщIэрэ щытхъурэ иIэу псэуащ. И цIэр фIыкIэ жаIэрейти, сэри ар куэдрэ зэхэсхырт. IущыгъэкIи цIыхугъэкIи цIыхухэм сэбэп яхуэхъуу щытауэ жаIэж. Ди анэм селъэIурти, тезгъэпсэлъыхьырт си адэм - нэхъыбэрэ и хъыбархэр зэхэсхыну сфIэфIт» - жеIэ абы.

ГъукIэжь Анатолэ щIэныгъэм лъагъуэ зэрыщыхишынур цIыкIуу и гум ириубыдауэ щытащ быдэу.

- Курыт еджапIэм япэ ныкъуэ классым сыщыщIэтIысхьам илъэсих сыхъурт. Абдежым щыщIэздзэри сэ хъуэпсапIэу сиIащ университетым сыщIэтIысхьэну, щIэныгъэ зэзгъэгъуэтыну. ИкIи абы теухуауэ щхьэх жыхуаIэр сщIакъым, - жеIэ.

ГъукIэжь Анатолэ классипщIыр къыщиухащ къуажэ школым. Минвод слесархэр щагъэхьэзыр еджапIэм щIэныгъэ щызэригъэгъуэтащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр щиIащ еджапIэм.

- Тэрч къалэм щыдигъунэгъуа щIалэрэ сэрэ дызэныбжьэгъуфIт. Зэгуэрым слесару ирагъэджэнухэр къыхатхыкIыу, абы и хъыбар зэхэтхри, тIуми зедгъэтхащ. Иужьым «Совнархоз»-м еджапIэ игъакIуэ цIыхуитхум дэри дахэту драгъэжьащ. Апхуэдэу Минвод дыкIуащ, техникэ училищэ №4-м дыщеджащ илъэсрэ ныкъуэкIэ. IэщIагъэм кууиуэ дыхагъэгъуэзащ - тхылъкIэ дызыхурагъаджэхэр сытым дежи щIэдгъэбыдэжащ практикэ лэжьыгъэкIэ. Сэ сызыхэс студент гупым срастаростэт. «Дорожу честью училища» жиIэу зэрытетар сощIэж еджапIэм и щIыхьэпIэм. Абы сытетащ сэри: лъэбакъуэу счым сегупсысырт гупсэхуу, еджэным сегугъурт, щIэныгъэм гъуэгу къызэрызитынур быдэу си фIэщ хъурт, - жеIэ Анатолэ.

«Нальчикский завод высоковольтной аппаратуры» акционер зэгухьэныгъэм цехым и унафэщIу, производствэмкIэ унафэщIу пIалъэкIэ щылэжьа нэужь, генеральнэ унафэщI ящIащ. ГъукIэжьыр инженер ахъырзэману лэжьащ. Республикэм и производственнэ лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къищынэмыщIауэ, ар икIи жылагъуэ лэжьакIуэт. Илъэс 25-кIэ заводым и профсоюз зэгухьэныгъэр и нэIэ щIэтащ, цIыхухэм я дзыхь къарагъэзу. Инженер набдзэгубдзаплъэм и фIыгъэкIэ «модернизированные выключатели» жыхуаIэр япэу къыщыщIагъэкI хъуащ мы заводым. Абы щащI Iэмэпсымэхэр я щIыкIэкIи къэгъэсэбэпыкIэкIи нэхъри ефIакIуэрт. Анатолэ илъэс 55-кIэ псэ хьэлэлу пэрытащ а IэнатIэм.

ГъукIэжь Анатолэ заводым щилэжьахэм, зыпхыкIа гугъуехьхэм, лэжьыгъэм пщIэ хуэщIын зэрыхуейм щытепсэлъыхькIэ, къыхегъэщ езым ипэкIэ заводым и унафэщIу щытам Iуэхушхуэхэр зэрызэфIихар, абы нэсу лэжьэкIэр щызэтриублауэ зэрыщытар, куэдкIэ щапхъэ зэрыхъуар.

- ЛопащIэхэ ящыщт ди унафэщIу щытар, Адыгейм къикIат. Абы хуэдэу цIыху зэтет, захуагъэр зи гум илъ, и псалъэм тетыж, гъащIэми лэжьыгъэми и пIалъэр зыщIэ уигъэлъыхъуэнт. ТIэунейрэ къыхуагъэфэщауэ щытащ Лениным и орденыр, - жеIэ Анатолэ.

ГъукIэжьым и IуэхущIафэхэр сытым дежи сэбэп хъурт псэукIэр ефIэкIуэнымкIэ, республикэм и цIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш хъунымкIэ. ИкIи абы къыпэкIуащ пщIэрэ щIыхьрэ - республикэм, къэралым и гулъытэ къылъысащ мызэмытIэу. «Заслуженный машиностроитель РФ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ вольтышхуэм ехьэлIа машиностроением хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ. «Ударник 9-й пятилетки» союзпсо дамыгъэр, «Победитель соцсоревнования 1975 года» бгъэхэIур Москва къыщратыжауэ щытащ. 1976 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром и щIыхь тхылъ, 1992 гъэм «Электропрофсоюз» урысейпсо комитетым и щIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ. 1990 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м и гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ Анатолэ къыфIащащ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр. 2002 гъэм шыщхьэуIум и 19-м КъБР-м и Япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и унафэкIэ, «КъБР-м и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. 2025 гъэм нэхъыжьыфIым гулъытэ къыхуищIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм. «ПщIэ зыхуэтщI ГъукIэжь Анатолэ, адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнум узэрытелажьэм пэкIуэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щIыхь Тхылъыр пхудогъэфащэ, ЩIыхь дамыгъэр и гъусэу», жиIэу зытет щIыхь тхылъыр игъэлъапIэу абы къритыжащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Быным я IуэхущIафэ дахэхэмкIэ, быным я быныжхэм я гуфIэгъуэхэмкIэ ягъэгуфIэ нэхъыжь махуэ ГъукIэжь Анатолэ. И ужьым къиувар езым и пщIэм хуэфащэ зэрыхъуам ирогушхуэ. Узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу псэуну дэри дохъуэхъу.

НАФIЭДЗ Ислъам.

Тхыдэм хэмыгъуэщэж махуэ гуауэ

● Жылагъуэ

Мыгувэу илъэс 85-рэирикъунущ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зэуэшхуэр къызэрыхъейрэ. А махуэр - мэкъуауэгъуэм и 22-р - Урысей Федерацэм щаубзыхуащ Фэеплъымрэ гуауэмрэ я махуэу. Ди къэралым и щIыналъэхэм накъыгъэ мазэм яублауэ щокIуэкI Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, къызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэр, щызэхашэ пшыхьхэр. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр зауэшхуэм ехьэлIа къэхъукъащIэхэр, дунейпсо тхыдэм къыхэна зэзауэхэр, и кIэм нэс ямыджауэ, къамыхутауэ а мафIаем хэлъ Iуэхугъуэхэр дяпэкIи сэтей къэщIынырщ, ТекIуэныгъэ Иным зи псэр щIэзыта, абы лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу щIэбэна совет зауэлIхэм я фэеплъ нэхур хъумэнырщ, абыхэм щIэблэхэр щIэпIыкIынырщ.

АРУАН районым и къалащхьэ Нарткъалэ и гуащIэрыпсэухэр зылI и быну къэувауэ щытащ, Хэкум лей къыщытехьа а гъэмахуэм. Къэралым и цIыхубэм хуэдэу, абыхэми яхуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащIащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэр нэхъ псынщIэу къэсыным. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, къалэм дэт IуэхущIапIэхэм пэкIухэр щызэхэтащ, фашистхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бийуэ. «Псори фронтым папщIэ! Псори ТекIуэныгъэм щхьэкIэ!» къэралпсо къыхуеджэныгъэр нарткъалэдэсхэми я гъуазэт.

Къалэм дэс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ военкоматым кIуэрти фронтым ягъэкIуэну щIэлъэIурт. Заводхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я нэхъыбапIэр зауэм зэрыдэкIам къыхэкIыу, абыхэм я пIэм иувэрт бзылъхугъэхэр, балигъыпIэ имыува ныбжьыщIэхэр, сабийхэр.

Совет Союзым и ЦIыхубэ Комиссариатым и унафэкIэ Нарткъалэ дэт спирт заводым ацетон къыщIигъэкIыу зэтраухуащ икIи дзэм, иужькIэ фронтым хуэлажьэу хуежьащ. Нэмыцэхэр ди республикэм къыщихьам щыгъуэ, ацетон-бутил заводыр къагъэувыIащ икIи и Iэмэпсымэхэр, станокхэр псори Уралым ирагъэшащ. ИужькIэ, бийр ди щIыналъэм ирахужьэжа нэужь, зыхъумэжыныгъэм и предприятэхэм ящыщу ялъыта ацетон-бутил заводым и лэжьыгъэр зэтраухуэжащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, Уралым яша Iэмэпсымэхэм зы винт закъуи хэмыщIауэ Нарткъалэ къашэжат.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху, заводым лэжьыгъэшхуэ щызэфIахащ. Жэщ-махуэ ямыIэу лажьэрт абы и цIыхухэр, зыхуагъэувыж къалэнхэр ипэ иту ягъэзащIэу. «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым итхырт: «Iэщнокъуэ Iэмин зи унафэщIу Нарткъалэ дэт ацетон-бутил заводым стахановец куэд къыщыунэхуащ иужьрей махуэхэм. Псом япэ итщ энергоцехыр, абы къыкIэлъокIуэ механикэ цехыр...»

Аруан куейм и гуащIэрыпсэухэм 1943 гъэм зэхуахьэсауэ щытащ «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» танк колоннэ зэращIын ахъшэ, сом мин 690-рэ хъууэ.

Дохъушыкъуей консерв заводым и комсомол зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ щIалэгъуалэ бригадэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэтхэм псалъэ быдэ ятат я къалэнхэр планым куэдкIэ щIигъуу ягъэзэщIэну, фронтым сэбэп хуэхъун продукцэ нэхъыбэ къыщIагъэкIыну. Заводым и лэжьакIуэхэм ящыщ куэдым фронтым Iутхэм папщIэ щыгъын хуабэхэр зэхуахьэсауэ щытащ. Зауэ губгъуэм итхэм щхьэкIэ цIыхухэм кърахьэлIэрт кIагуэхэр, цыджанэхэр, джэдыгу кIэщIхэр, пыIэхэр, цылъэпэдхэр, Iэлъэхэр, гъуэншэдж дытахэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр зыIэрыхьэ совет зауэлIхэр хуабжьу хуэныкъуэт апхуэдэ тыгъэм икIи къызэрымыкIуэу абыхэм щыгуфIыкIырт.

ТекIуэныгъэ Иныр къэхьыным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ Дохъушыкъуей шагъыр заводми. Абы и лэжьакIуэхэм фронтым и фондым халъхьащ сом мин 370-рэ - дэтхэнэми и мазитI улахуэр. Абы щхьэкIэ Сталиным къахуигъэхьауэ щыта тхыгъэм итт: «Дохъушыкъуей шагъыр заводым и лэжьакIуэхэм, инженер-техникэ IэщIагъэлIхэм «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» танк колоннэр зэращIын ахъшэ зэрызэхуахьэсам папщIэ фIыщIэ зэрахуэсщIыр схуажефIэжыну сыныволъэIу, Дзэ Плъыжьым и фIыщIэри щIыгъуу».

Нарткъалэ щолажьэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэщIу щытащ Мэремкъул Нажмудин. Зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ТекIуэныгъэ Иным папщIэ зэуахэм, зи псэр зытахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжыным, абыхэм я гъащIэ щапхъэм къытщIэхъуэ щIэблэр щIэпIыкIыным. Районым, къалэм я унафэщIхэми гулъытэшхуэ хуащI а Iуэхум. Махуэшхуэхэм деж нэхъыжьыфIхэр ягъафIэ, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIу.

Мэкъуауэгъуэм и 22-р къэрал тхыдэм зэи хэмыгъуэщэжын махуэщ. ЦIыхубэм бэлыхьрэ гузэвгъуэ куэдрэ къахуэзыхь зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щремыIэ.

ТАМБИЙ Линэ.

● Мэкъумэш хъыбархэр

Белоруссием и тракторхэр къащэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, ди республикэм и мэкъумэшыщIэхэм трактору 67-рэ гуэдз зэрыIуахыж зы комбайнрэ къащэхуащ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ.

ТРАКТОРХЭМ ящыщу 52-р Минск къалэм дэт заводым къыщыщIагъэкIащ, гуэдз зэрыIуахыж комбайныр Дон Iус Ростов и «Ростсельмаш»-м щащIащ.

Иджырей техникэхэм я фIыгъэкIэ республикэм и мэкъумэшыщIэхэм Iэмал яIэщ губгъуэ лэжьыгъэхэр ныкъусаныгъэншэу я пIалъэхэм зэфIагъэкIыну, гъавэм кIэрыхур ягъэмэщIэну, хэхъуэ яIэу гъэм техьэну, щыжаIащ министерствэм.

Бахъсэн щIыналъэр япэщ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2026 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым джэдыкIэу зы джэдым хуэзэу кърахым и куэдагъым процент 12-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ: мы гъэм - 66-рэ, нэгъабэ 59-рэ.

Апхуэдэу щыхъукIи, КъБР-м и щIыналъэхэм ящыщу зы джэдым хуэзэу джэдыкIэ нэхъыбэ къыщрахыр Бахъсэн районырщ - 84-рэ. 2025 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 18,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

Мэлыхъуэхэм я зэфIэкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэрэдж районым мэл лъэпкъыфI къыщагъэхъу «Дарган», «Гарант-А» и IуэхущIапIэхэр хэтащ Къалмыкъым и къалащхьэ Элиста щекIуэкIа 26-нэ урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм икIи ехъулIэныгъэфIхэр абы щаIащ.

МЭЛ лъэпкъыфI къэгъэхъуныр республикэм и мэкъумэш IэнатIэм гулъытэ хэха зыхуащIщ икIи абы и зыужьыныгъэм мыпхуэдэ зэIущIэ инхэр шэсыпIэфI хуохъу, илъэс къэси мэлыхъуэхэм дамыгъэ лъагэхэр къыщахь, щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

Къыхэдгъэщынщи, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым мэлрэ бжэну щаIыгъар мин 423,9-рэ хъуащ икIи абы и Iыхьэ щанэр Шэрэдж районым ейщ - мини 146,9-рэ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтахэм папщIэ

Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Бей Iэуес дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, абы и ветеранхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, жылагъуэм къащхьэщыжынымкIэ республикэ центрым и унафэщI Канунниковэ Светланэ, КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм и къудамэхэм я унафэщIхэу Ораков Аскэрбийрэ Шэшэн Джаннэрэ, щIыналъэм и администрацэм и лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ районым щыщу дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, абы къулыкъу щызыщIахэм щIыналъэр зэрадэIэпыкъумрэ абыхэм я унагъуэхэм хуащI гулъытэмрэ, къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэным теухуауэ ялэжьхэм. Къызэхуэсахэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэу щIыналъэм къекIуэлIэжахэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, лэжьыгъэ IэнатIэ къахуэгъуэтыным. А псом теухуауэ щIыналъэм Iэмалу щыIэхэм къытеувыIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ КъуэщIысокъуэ Iэсиятрэ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, жылагъуэм къащхьэщыжынымкIэ республикэ центрым Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Къущхьэ Масирэтрэ. Къэпсэлъахэм ягъэнэIуащ районым щыщу дзэ Iуэху хэхам щыIахэм, абы къулыкъу щезыхьэкIхэм я Iуэху зыIутхэр, къулыкъу зыщIэу къэзыгъэзэжахэр IэщIагъэ гуэрым хуеджэну гупыж ящIмэ, зэрадэIэпыкъур, лэжьыгъэ къызэрыхуагъуэтыр.

ЗэIущIэм щыжаIар къызэщIакъуэжу, ягъэбелджылащ Iуэхугъуэ зыбжанэ: дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIахэм папщIэ щыIэ лэжьыгъэ IэнатIэхэр нэхъыбэ щIын, IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтынум абы хуеджэныр къыхузэгъэпэщын, Хэкум къыщхьэщыжу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр щIэгъэхуэбжьэн.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къалэдэсхэм яхуэгъэза фIыщIэ псалъэ

Гъуазджэмрэ щIэныгъэмкIэ профессорхэмрэ къэралым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэмрэ Налшык къашауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и зэманым. Я ныбжьыр зэрыхэкIуэтам къыхэкIыу, фронтым кIуэну Iэмал яIэтэкъыми, Кавказыр щтапIэ хуащIауэ арат абыхэм. Хабзэрэ гъэсэныгъэрэ зыбгъэдэлъ цIыху цIэрыIуэхэр Мэзкуу щыкIуэжым, щхьэегъэзыпIэ щагъуэта ди къалащхьэм къыщыхуащIа гулъытэр ягу имыхужу, псалъэ дахэхэр къызэранэкIащ.

«НАЛШЫК дыздиIэпхъукIыжым, гулъытэ хэIэтыкIа къызэрытхуэфщIам папщIэ, фIыщIэ фхуэтщIыну дыхуейт, - дыкъыщоджэ 1941 гъэм, щэкIуэгъуэм и 16-м ятхам. - Дыкъыщалъхуа Мэзкууи, фIыуэ тлъагъу ди IэнатIэхэми щхьэхуимыту пэIэщIэ дыхъуауэ, ди нэгу щIэкIахэм драгъэшауэ, ди Хэкум къыщхьэщыхьа шынагъуэм дигъэгузэвауэ, ди ныбжьымрэ къару димыIэжымрэ я зэранкIэ бий Iэлым дыпэщIэувэну Iэмал зэрыдимыIэм дигъэщхьэжагъуэу, дыкъэкIуат фи деж.

Зызыгъэпсэхун хуейм зевгъэгъэпсэхуу, лэжьэну къару зиIэм IэнатIэ къыхуэвгъуэту, гуапэу фыкъызэрытпекIуэкIам щхьэкIэ, дигухэм фIыщIэшхуэ къыщывгъэушащ. Дэ псори щIэныгъэмрэ гъуазджэмрэ дралэжьакIуэщ. ИгъащIэкIи дигу илъынущ Налшык щыдагъэлъэгъуа гумащIагъыр, хьэщIагъэ зыхэлъ абы и къулыкъущIэ гуапэхэр, зауэ зэманым емылъытауэ, егъэлеяуэ гулъытэшхуэ къытхуэзыщIа Къэбэрдей-Балъкъэрым и парт зэгухьэныгъэхэмрэ и правительствэмрэ. ФIыщIэшхуэ фхудощI, ныбжьэгъухэ!»

Гупым къыбгъэдэкIыу, тхыгъэм я цIэ щIэтщ къэралым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат Грабарь, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, профессор Игумнов, профессорхэу Горский, Гузиков, Новиков, Аргамаков, Вересаев, Сварог сымэ, академик, архитектор, сурэт щIынымкIэ профессор Яковлев, къинэмыщIхэми.

1942 гъэм Налшык къагъэIэпхъуауэ щытащ Ленинград къэрашахэр. КъБАССР-м и Совнаркомым и унафэ мазаем и 12-м къыдэкIам дыкъыщоджэ:

«Ленинград къэрашахэм Налшык псэупIэ щетын: Налшык къалэ - цIыху 2300-м, Май районым - цIыху 1000-м, Тэрч районым - 1000-м, Бахъсэн районым - 300-м, Iуащхьэмахуэ районым - 400-м. Псори зэхэту - цIыху 5000-м.

Школ унафэщIхэр сабий къагъэIэпхъуахэм якIэлъыплъын хуейт, дэтхэнэ зыри вакъэкIэ, щыгъынкIэ, ерыскъыкIэ къызэрагъэпэщу, еджэным къыкIэрыхуамэ, лъэщIагъэхьэжыпхъэт.

КъБАССР-м и унафэщIхэр апхуэдизкIэ набдзэгубдзаплъэти, зауэ IэнатIэм къыIуаша цIыкIухэр илъэсыщIэ дауэдапщэхэм нэгъунэ хэтыну Iэмал иратащ. «КъагъэIэпхъуа сабийхэм я нэхъыбэр илъэсыщIэ махуэшхуэхэм хэтащ, тыгъэхэр яIэрыхьащ. Налшык къалэм и закъуэ школым мыкIуа сабийуэ илъэсыщIэ псейм 1317-рэ екIуэлIащ, школым кIуэхэм ящыщу - 700-м нэс».

Апхуэдэ хъыбархэм уащрохьэлIэ архив губгъуэм. А псори ди щIыналъэм щызекIуэ гуапагъэмрэ гулъытэмрэ ятеухуащи, дэри зыщыдмыгъэгъупщэмэ нэхъыфIщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ГъэпцIакIуэхэм мылъкур ящыфхъумэ

Урысейм и махуэм ирихьэлIэу гъэпцIакIуэхэм цIыхухэм нэхъыбэрэ зыхуагъазэ хъуащ, ахъшэ кърырагъэтыну къыхуагъэлъагъуэу. Мессенджерымрэ электроннэ пощтымкIэ зэбграгъэх хъыбархэмкIэ цIыхухэр къагъэгугъэ къэралым къыбгъэдэкI ахъшэ дэIэпыкъуныгъэр тыншу къаIэрыхьэну, абы папщIэ къагъэлъагъуэ ссылкэм ихьэу лъэIу ятхын хуейуэ.

АРЩХЬЭКIЭ, зыIэпызышэу къагъэувхэм я щIыбкIэ щыгъэпщкIуащ къапхъэн. Ссылкэхэм ухуашэ «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» официальнэ ресурсым хуэдэу жыхуаIэ, ауэ сайт нэпцIхэм е щымыIэххэ «Ахъшэ зыт центр» жыхуаIэхэм. Ар къэзыгъэсэбэпыну яужь ихьэхэм хуагъэлъагъуэ я логиныр е паролыр, я банк картэм ехьэлIа хъыбарыр, СМС кодхэр, езыхэр хэтми иратхэну. А хъыбархэр яIэ зэрыхъуу, гъэпцIакIуэхэм аккаунтхэр, банк сервисхэр, цIыху щхьэхуэм и мылъкум ехьэлIауэ езыхэр зыхуейхэр зыIэрагъэхьэфынущ.

ЦIыхухэм дзыхь зыхурагъэщIын папщIэ бзаджащIэхэм езыхэм зыкъагъэлъагъуэ къэрал (хьэбзэхъумэ, къарузехьэ) IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ хуэдэу. Абыхэм къагъэсэбэп официальнэ нагъыщэр, къэрал Iуэху ягъэзащIэ фIэкIаи умыщIэну, хэкъузауэ, гушхуэныгъэ хэлъу мэпсалъэ.

Набдзэгубдзаплъэу фыщыт, цIыхухэм ахъшэ къаритыну къэралым зэрызыхуагъазэ лъэIухэр чатхэм я ссылкэ зэрымыщIэкIэ къэунэхуахэм е письмохэмкIэ ятхыркъым. Къыфхуагъэхьа хъыбарым псынщIэу ахъшэр къыфIэрыхьэну фыкъигъэгугъэмэ, сайтым фихьэну е фтеухуахэр ифлъхьэну къигъэувмэ, абы шэч къытехьэн хуейщ.

Махуэшхуэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэмрэ деж гъэпцIакIуэхэм псом хуэмыдэу жыджэру къагъэсэбэп цIыхухэм дзыхь къыхуащIынкIэ зэрыхъунур. Набдзэгубдзаплъэу фыщыт икIи гъэпцIакIуэхэм къывжаIэхэр фи фIэщ фымыщI!

Езым къигъэсэбэпащ

Мы илъэсым и мазаем Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ Лэскэн районым щыпсэу, илъэс 37-рэ зи ныбжь цIыхубзым. Абы зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм и мэлыжьыхьым фIыуэ имыцIыху бзылъхугъэм къигъэгугъащ «УнагъащIэхэм ират дэIэпыкъуныгъэ» къэрал программэм къриубыдэу сом мелуан 1,5-рэ хъу социальнэ ахъшэр кърatынымкIэ къыдэIэпыкъуну. ЦIыхубзым къызэрагъэгугъар и фIэщ хъури, мазэ зыбжанэкIэ ахъшэ иритащ, арщхьэкIэ, шэч зыхуащIым и псалъэр игъэпэжыжакъым.

АПХУЭДЭУИ абы и зэран екIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу нэгъуэщI цIыхубзитIым. Псори зэхэту хэщIыныгъэр сом 450000-рэ мэхъу.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ Краснодар крайм зэрыщылэжьами къэлъыхъуэныгъэхэр ди дежи зэрыщрагъэкIуэкIами я фIыгъэкIэ управленэм и полицэ къудамэ №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар Адыгей Республикэм щыпсэу, илъэс 63-рэ зи ныбжь цIыхубзу къыщIэкIащ.

Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ гъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьа ахъшэр езыр зэрыхуейуэ къызэригъэсэбэпар, пщэрылъ зыщищIахэр игъэзэщIэн муради зэримыIар.

Налшык УМВД-м и ОП №1-м и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Сом мини 140-м щIигъу

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 60 зи ныбжь цIыхухъум. Абы зэрыжиIамкIэ, Интернетым къыщигъуэтащ уи ахъшэм хэхъуэ къебгъэщIыну хэплъхьэ зэрыхъунум ехьэлIа хъыбарегъащIэ.

ЗЭМАН дэкIри, абы зыкъыпищIащ инвестицэ компанием и лэжьакIуэу къыжезыIам икIи къигъэгугъащ ахъшэшхуэ кърригъэлэжьыну икIи псынщIэу къулей хъуну.

Къызэригъэгугъам тету цIыхухъум, накъыгъэм и 1-м щыщIэдзауэ и 14-м къриубыдэу къыхуагъэлъэгъуа банк счетым сом 142000-рэ хуиутIыпщащ. АрщхьэкIэ, къилэжьар зыхуэдизыр къищIэну хуей щыхъум, брокер нэпцIым зыкъыпищIэжакъым.

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм абы теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

Полицэм фигу къегъэкIыж:

БзаджащIэхэм брокер е дэлэл Iуэхутхьэбзэхэр къыфхуащIэну къыфхуагъэлъагъуэ, ахэр къэвгъэсэбэпу фи мылъкур вгъэбэгъуэн икIи хэхъуэшхуэ къыфIэрыхьэхьэфын хуэдэу. Ауэ щыхъукIэ, а гъэпцIакIуэхэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр зэфIахынымкIэ лицензэхэр, лъэкIыныгъэхэр яIэкъым. Абыхэм я мурадыр фэ ахъшэ фIэщIахынырщ.

Апхуэдэ къыфхуагъэлъагъуэу зыкъыфхуагъэзамэ, абыхэм фемыпсэлъэнырщ нэхъыфIыр.

Зыгъэхьэзырар **БАХЪСЭН Ланэщ.**

Инарыкъуейм и псы къабзэр

Тэрч щIыналъэм щыщ Инарыкъуей къуажэм псы къабзэ зэрыкIуэ и бжьамийхэр къызыхуэтыншэу къагъэщIэрэщIэж мы махуэхэм. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

НОБЭКIЭ лэжьакIуэхэм бжьамийхэр зыдалъхьэну щIыр датIыкIащ икIи метр 1600-м нэблагъэкIэ щаукъуэдиящ. Апхуэдэуи, ахэр пэрытщ псыкъуийуэ 5-р ухуэным. Абыхэм IэщIагъэлIхэр хуэныкъуэщ псыр зэрыкIуэ бжьамийхэр зыхуэдэр къапщытэн, нэхъ тыншу елэжьыфын щхьэкIэ. КъищынэмыщIауэ, къуажэр псы къабзэкIэ зыгъэнщI бжьамийхэм щIэхэр къыпадзэ.

«Дэ къыдгуроIуэ инарыкъуейдэсхэм я дежкIэ мы объектым иIэ мыхьэнэр зыхуэдэр. НобэкIэ бжьамийхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр: щIыр дэтIыкIыныр, ахэр дэлъхьэныр, дэтхъуэжыныр, - къанэ щымыIэу зэфIэкIащ. Иджы къалэн нэхъыщхьэу къытпэщылъыр бжьамииищIэхэр щыIэхэм тэмэму япыддзэнымрэ псыкъуийхэр лажьэу едгъэжьэнымрэщ, унагъуэхэм псы къабзэр зэпымыууэ яIэрыхьэн хуэдэу», - жиIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлев Андрей.

Я мурадщ мы гъэм мэкъуауэгъуэм и кIэхэм ирихьэлIэу лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну, объектыр яутIыпщыну.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Зэщlыгъуу елэжьынущ

● ЩIДАА

Мэкъуауэгъуэм и 5-м зэхэтащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и Президиумым и зэIущIэ. Абы видеожыпхъэкIэ хэтащ Адыгэ Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс щыналъэмрэ академием щаIэ къудамэхэм и щIэныгъэлIхэр. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Адыгейм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI ЛIэужь Iэдэм.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭР тепсэлъыхьащ академиер зэлэжь «Адыги-2040. Вектор развития» Iуэхур зэрыкIуатэм.

- Адыгэ лъэпкъым зиIэтыным, зиужьыным, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным хуэгъэпса «Адыги-2040. Вектор развития» Iуэхум илъэс зыбжанэ хъуауэ йолэжь ди академиер. А зэманым къриубыдэу зэфIэтхам, дызыхунэмысам ирипплъэжыпхъэщ, дызэрылажьэ хабзэм зыгуэр хуэчэммэ, щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу дыхуэныкъуэмэ къэгъэнэхуэн хуейщ, - жиIащ ЛIэужьым.

ЩIэныгъэлIым и упщIэхэм пэджэжу къэпсэлъащ «Адыги-2040. Вектор развития» Iуэхур зи пщэрылъ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къэжэр Артур:

- Пэжу, мы Iуэхум илъэс зыбжанэ хъуауэ дытопсэлъыхь. Ар къыщыхэтлъхьам щыгъуэ тхылъымпIэхэр едгъэхьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и къудамэхэм. ИкIи ахэр къыхуедджат сэбэп къытхуэхъуну, къыщIагъун гупсысэ щхьэпэ щыIэмэ, зэпкърыхауэ абы къытхутепсэлъыхьыну, я Iуэху еплъыкIэр къытхуагъэхьыну. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэр къыздэсым зыри къытIэрыхьакъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу долажьэ, зэфIэхын хуейуэ къытпэщылъри мащIэкъым. Мызэ-мытIэу дызэрытепсэлъыхьащи, Iуэхур и кIэм нэсмэ тлъагъуну дызыхуейр ди нэгум щIэтщ, ауэ зэрыдгъэзэщIэну щIыкIэм теухуа упщIэхэр иджыри щыIэщ. Псом япэрауэ, дунейм адыгэу тетым я бжыгъэр къэлъытапхъэщ. АдэкIэ делэжьынущ лъэпкъым и лъыщхьэм (генетикэм) къикIуа гъуэгуанэм нобэр къэсыху зэрызиужьам, Урысей къэралыгъуэм и щэнхабзэм зыдищIу ди щэнхабзэм зэрызихъуэжам. Абы и закъуэкъым. Гульытэншэ тщIы хъунукъым нобэрей дунейм къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэр; модернизацэм тIэщIиуд хабзэхэр; диным, интернетым, дунейпсо щэнхабзэм ихъуэж ди адыгагъэр. Лъэпкъым нобэм къихьэса адыгэ хабзэр иджырей гъащIэм къигъэув зэхэтыкIэхэми къезэгъыу зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн хуейуэ и чэзу къэсауэ догугъэ. Ар ди лъэпкъ къулеигъэу зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, икIи курыт лъэхъэнэхэм яубзыхуа уэркъ хабзэм и мардэ гуэрхэр нобэ зэрымылэжьэжым гу лъыдвгъатэ. Апхуэдэу, гугъущ адыгэ хабзэмрэ динымрэ зэхэбгъэзэгъэну. А тIури зи гум илъ адыгэм хэкIыпIэ гуэр хуэубзыхун хуейщ. Ар гугъущ, къызгуроIуэ, ауэ лъэпкъыр дымыкIуэдыжын, дунейпсо щэнхабзэм ди хабзэмрэ бзэмрэ хэмышыпсыхьыжын папщIэ хэкIыпIэ къэдмыгъуэту хъунукъым. Мы Iуэхум етхьэлIэну къарур псыхэкIуадэ хъунущ, ди щIэблэр и анэдэлъхубзэмрэ щэнымрэ щымыгъуазэмэ, ахэр яхэдмылъхьэмэ. Абы къыхэкIыу, дгъэхьэзырын хуейщ тхыдэм, литературэм, IуэрыIуатэм, бзэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Шапсыгъым я закъуэ мыхъуу, Сирием, Тыркум, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми гулъытэ яхуэщIыпхъэщ. ТхыдэмкIэ, филологиемкIэ, щIыуэпсымкIэ щIэныгъэлI лъэщхэм дахуэныкъуэщ. Ди Iуэхур кIуэтэн папщIэ, ди щIэныгъэлIхэм гупсысэ пыухыкIахэр гъэбелджылауэ утыку кърагъэхьэмэ, псоми дыхэплъэжынурэ дызэрылэжьэну щIыкIэр дубзыхунущ, - жиIащ абы.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий къыхилъхьащ проектым и цIэр хъуэжын хуейуэ.

- Адыгэхэр дуней псом дыкъызэрыщацIыхур «черкесщ». 13-14-нэ лIэщIыгъуэ лъандэрэ ащ адрей лъэпкъхэр къызэрыдэджэр. Нэхъ тэмэму къызолъытэ «Черкесы-2040» фIэщыгъэмкIэ зэтхъуэкIмэ, - жиIащ абы.

ЩIДАА-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щиIэ центрым и унафэщI Иуан Зэуал жиIащ я къудамэм хэт щIэныгъэрылажьэ, юрист Дыгъужь Муминэт тхылъ, хабзэ IуэхукIэ академием щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэу, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Адыгэ Республикэм щыщ щIэныгъэлI Понэж Аскэр къыхигъэщащ курыт лъэхъэнэхэр нэхъ кууэ джын зэрыхуейр.

- А зэманым адыгэм къебгъэрыкIуа, къыхэса лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ дджымэ, ахэр адыгэм къызэрылъэIэса, дызэрахъуэжа щIыкIэри къытхуэхутэнущ, ди хабзэмрэ бзэмрэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэри къыдгурыIуэжынущ, - къыхигъэщащ абы.

ЛIэужь Iэдэм абы теухуауэ жиIащ мы Iыхьэр гъэкIэщIын хуейми, ар гупсысэ щхьэпэу зэрыщытыр.

- Понэжым жиIэр хуабжьу сэбэп тхуэхъунущ «Адыги-2040» Iуэхур гъэкIуэтэнымкIэ. Сыту жыпIэмэ, проектыр зыхуэгъэпсар ди къэкIуэнуращ. ИкIи тхыдэджхэм япэ дыдэу IэмалыфI къахукъуэкIащ тхыдэр мыхъуу, лъэпкъым и къэкIуэнум елэжьыну, ар убзыхуным хэлIыфIыхьыну. БлэкIа жыжьэхэм къытхалъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр дузэхужмэ, ди пIэ диувэжыну согугъэ, - гу лъитащ щIэныгъэлIым.

Биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий тепсэлъыхьащ Iуэхур къызэрыхалъхьэрэ зэфIахам:

- Сочэ къалэм щекIуэкIауэ щыта зэIущIэм япэ дыдэ къыщыхалъхьауэ щытащ нобэ дыщIызэхуэса Iуэхур. Абы лъандэрэ илъэситху дэкIыжащ, а зэманым къриубыдэу мы Iуэхум теухуауи плIэнейрэ дызэхыхьащ. А пIалъэм Iуэхум ипкъ иткIэ дунейм къытехьащ тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр, мазищ къэс къыдыдогъэкI щIэныгъэ журнал, бзэр хъумэнымкIэ, хабзэмрэ адыгэ литературэмрэ зегъэужьыжынымкIэ зэIущIэ пщIы бжыгъэхэр зэхэтшащ. Арами, гу лъыстэнут: академием щIэныгъэлI 450-м щIигъу хэтщ, блэкIа илъэситхум къриубыдэу къыдэдгъэкI журналым цIыху 90 къытхуэтхами аращ, нобэрей зэIущIэм хэтыр цIыху 12-щ. Гупсысэ щхьэпэхэм дыхуэныкъуэщ, къыддэлэжьэн дыхуейщ... Дызэдэвгъэлажьэ, ипэкIэ дывгъэкIуатэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

ЗэIущIэм къыщапсэлъамрэ зыхэплъамрэ теухуауэ щIэныгъэлIхэм унафэ зыбжанэ къызэдащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыж

«ЦIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэмкIэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI. Абы ипкъ иткIэ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэ куэд сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжащ. Мы зэманым зэгъэпэщыжыныгъэхэр щекIуэкIхэм ящыщщ Бахъсэн район сымаджэм и поликлиникэ къудамэу Зеикъуэ дэтымрэ Прохладнэ къалэм дэт сабий поликлиникэмрэ.

ЗЕИКЪУЭ дэт поликлиникэм метр зэбгъузэнатIэу 2872-рэ хъу ухуэныгъэ къыпащIыхьынущ. IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ ящIмэ, абы зы махуэ лэжьэгъуэм цIыху 350-м зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтыфынущ. Поликлиникэм къепхауэ щытынущ жылэдэс мин 31-м щIигъу, абы щыщу мини 7-р сабийщ. Къудамэщым хэтынущ IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэр щылэжьэну, сымаджэм и узыншагъэр къыщапщытэну пэшхэр. IуэхущIапIэр иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, хьэпшыпхэмкIэ, унэлъащIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Унэм и хъуреягъкIэ щыIэ щIыналъэр зэIузэпэщ ящIынущ: санитар транспортым папщIэ асфальт тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэхэр зэрагъэпэщынущ, щхъуантIагъэкIэ ягъэдэхэнущ. Иджыпсту проект-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Поликлиникэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр 2027 гъэм яухыну я мурадщ.

Прохладнэ къалэм дэт сабий поликлиникэр 1973 гъэм яухуауэ щытащ. Абы лъандэрэ илъэс 36-рэ дэкIыжащи, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным иджы япэу иужь ихьауэ аращ. Метр зэбгъузэнатIэу минитI хъу, къатищу зэтет поликлиникэр медицинэ IуэхущIапIэхэм я жыпхъэщIэхэм хуэкIуэу щытынущ.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм хыхьэу унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIынущ, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ яхъуэжынущ, унэ щIыбыр къагъэщIэрэщIэжынущ. Мы зэманым пэшхэм я щытыкIэр яхъуэж, унащхьэр зыхуей хуэгъэзэным иужь ихьащ. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, кърахьэжьа Iуэхур 2028 гъэм и кIэм нагъэсынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Нурдин япэ увыпIэр къехь

Кавказ Ищхъэрэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Грознэ къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ КИФЩI-м и бэнакIуэу 141-рэ, я ныбжькIэ илъэс 24-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсменхэм ящыщу килограмм 97-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр зэхьэзэхуэм къыщихьащ КъуэщIысокъуэ Нурдин. Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ щыхъуащ Къуныжь Амырхъан.

Бэрбэч Темырлан (кг 55-рэ), Къумыкъу Казимир (кг 55-рэ), Къуныжь Хьэматбий (кг 60), Хъыжьрокъуэ Умар (кг 63-рэ), ПщыукI Темырлан (кг 97-рэ) сымэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Хъуран Мурат, Куэшмэн Мурат, Щокъарэ Мурат, Къардэн Анзор, Щхьэгуэш Аслъэнбэч, Щокъал Олег, Индрей Жантемыр, Иуан Аслъэн, ПщыукI Мурат, Гъыдэ Анзор сымэ.

Иджы екIуэкIа зэIущIэм къыщыхэжаныкIахэр хэтынущ УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мэкъуауэгъуэм и 25-м Омск къалэм щызэхашэну зэпеуэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

«Мывэ плъыжьхэм» япхрыкIыфакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кызылташ» (Бахъчисарай) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэкъуауэгъуэм и 6-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Судьяр Магомедов (Мэхъэчкъалэ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, КIэдыкIуей, Балъкъыз, Пириев, Блий, Гъуэгузокъуэ, Селяев (Пекъу, 63), Сарбашев (ХьэцIыкIу, 61), Лысенкэ (Хьэшыр, 76), Ибрагимов (ЛIуп, 76).

«Кызылташ»: Жигайлов, Масленников, Рамазанов, Габуев (Дзень, 46), Хашматулла, Лукиных, Елесин, Оболенцев (Петренкэ, 55), Маргиев, Мемешев (Зинченкэ, 73), Забун.

Топыр дигъэкIащ: Забун, 65 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Гъуэгузокъуэм, Габуевым, Забун, Пекъум Оболенцевым, Жигайловым.

ЗЫ очко закъуэ фIэкIа химыгъэхъуауэ зекIуэ тIуащIэм къикIыжа «Спартак-Налшыкым» и мурадт Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иджы и стадионым щэбэтым къыщыпэщылъ зэIущIэм ар щригъэкъужыну. Ар зрагъэхъулIэн папщIэ Кърымым и Бахъчисарай щIыпIэм къикIа «Кызылташ»-р хагъэщIэн хуейт. Арщхьэкъэ ар Iуэху тыншу къыщIэкIакъым.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Нэзрэн къикIа «Ангушт»-м 5:1-уэ текIуа иджырей ди хьэщIэхэр щIэхъуэпсырт я ехъулIэныгъэм пащэну. Аращ япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ, зыхъумэжыныгъэхэм къыщыдэхуэм и деж, къаруушхуэкIэ «Спартак-Налшыкым» и гъуэм къебгъэрыкIуэу щIыхуежьар. Абы щыгъуэми ди щIалэхэр занщIэу къызэтрагъэувыIащ бахъчисарайдэсхэм кърагъэувэкIа «мывэ плъыжьхэм» (аращ абыхэм я командэм я цIэм къикIыр). Сыхьэтым щIигъукIэ еныкъуэкъуа пэтми, къикIа щыIэкъым. Уеблэмэ, хэгъэрейхэм я гугъэр хахыжа иужькIэ «Кызылташ»-м удын хьэлъэ къаридзащ икIи 65-нэ дакъикъэм я гъуащхьауэ Забун Артём текIуэныгъэр къахуэзыхьа топ закъуэр къытхудигъэкIащ.

ЩытыкIэм зрагъэхъуэжын мурадкIэ «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIа щхьэкIэ, Iуэхум зыри къикIакъым. Ди щIалэхэм 0:1-уэ фIахьащ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъхэм зи чэзу текIуэныгъэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм щыджэгуу къыщахьри, я Iуэхухэр нэхъри ирагъэфIэкIуащ. Апхуэдэу Донецк и «Шахтёр“-м Астрахань щыIэу хэгъэрейхэр бжыгъэшхуэкIэ хигъэщIащ, «Севастополь»-р Черкесск щынэхъ лъэщащ, «Ростов-2»-ми Избербаш очкоищ щызыIэригъэхьащ. Зэрытлъагъущи, «Кызылташ»-ми закъыкIэригъэхуакъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Нефтяник**» (Избербаш) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **1:3**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **0:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - ПСК (Первореченскэ) - **4:0**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **0:1**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - **4:0**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Шахтёр**» (Донецк) - **0:3**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Заря**» (Луганск) - **2:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» мэкъуауэгъуэм и 13-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр Дон Iус Ростов къалэм и етIуанэ командэм щыIущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къалэдэсхэм - псэупIэщIэхэр

Бахъсэн къалэм фэтэр куэду зэхэту унэ щаухуэ, жьы хъуа псэупIэхэм щIэсхэр къыщIагъэIэпхъукIын папщIэ. НобэкIэ ухуакIуэхэм еплIанэ къатыр дращIеящ. Езы пэхуэщIэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ар къатитху хъууэ щытынущ, зы щIыхьэпIэ иIэу.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР иргъэкIуэкI 2022-2030 гъэхэм ятещIыхьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым жьы хъуа и псэупIэ фондым щIэсхэр къыщIэгъэкIыным хуэунэтIа республикэ программэм ипкъ иткIэ. КъБР-м и Правительствэм ар къищтауэ щытащ 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м.

Бахъсэн къалэм къат куэду зэхэт унэу 4 хагъэхьащ а программэм, абыхэм ущыпсэуну дзыхьщIыгъуэджэу къалъытэри. 2025-2026 гъэхэм къриубыдэуи псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 420-м щIигъум щыпсэухэр зэкIэщIагъэкIынущ икIи, абы и фIыгъэкIэ, унагъуипщIхэм я псэукIэри ирагъэфIэкIуэнущ, фэтэр зэпэщхэр иратынущ.

Бахъсэн къалэ администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зыхуагъэувыжа пIалъэхэм тету ирагъэкIуэкI икIи къалэдэсхэм я деж зыщащIыжа къалэныр - жьы хъуа я псэупIэхэм ахэр къыщIэшыныр - гъэзэщIа хъунущ.

НАУРЫЗ Болэт.

● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс

Осетин усэхэр - адыгэбзэкIэ

ГъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI лъэпкъым и усакIуэхэм я гупсысэм укIэлъыплъыну. Сыт зыгъэгузавэр, зыщыгуфIыкIыр, щIэпсэур, ягъафIэр, зыгъэусэр?! Осетин усыгъэхэм щыщ щIэзджыкIати, хэслъэгъуащ гугъи, гухэлъ къабзи, цIыху хьэл-щэни, хъуэпсапIи... Сыт мыбы я сатырхэр къызыхахыр? Хэт блэкIам хуоплъэкIыж, хэт щIыуэпсым пходэIукI, хэт къэзыухъуреихь цIыхухэм якIэлъоплъ, хэт уафэмкIэ и гур етащ, хэт и щIыналъэр егъафIэ. Я хъэтIкIэ зэхуэдэкъым - дэтхэнэри дуней щхьэхуэщ. «Дауэ пIэрэ абыхэм я дунейр адыгэбзэкIэ зэрызыхэтщIэнур?». Сегупсысати, усэ зыбжани адыгэбзэм къесшэлIащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ДУДАЕВ Чермен

* * *

Си хьэзырым и щIагъкIэ, мы си гум
ЩыIэщи си щIыналъэр. Абы щызолъагъу
Си унэр, илъу Iэгум.
Солъагъу ди бгыжь нэгъунэ,
Уафэм зыщIакъуэзэу шыныбэпхыу.
Бекъан гуэлым и плъыфэ и нитIым,
Сэ си дахэм и нитIым сыщIоплъэ,
Дымылъагъуу ныбжьэгъуи жагъуэгъуи...
Е ныбжьэгъу, е жагъуэгъу дымылъагъуу...
Си хьэзырым и щIагъкIэ, мы си гум.

Си хьэзырым и щIагъкIэ, мы си бгъэм
Щхьэщылъыхэщ Дарьял
Iугъуэр гъуэзу,
Си унэр илъу си Iэгум...
Ныдоплъей си къунакъыр уэгум,
Ар кIэлъоплъ пшэ гуэрэн зэрыкIуатэм.
Сыхуэзэшкъым сыкъэзымыдатэм,
Зи теплъэр сурэтылъэм къыдэнам,
И ныбжьыр си блэкIам иджы трипхъуэу,
Си хьэзырым и щIагъкIэ, мы си бгъэм.

Си хьэзыр щIагъым, си гум
щыгъэпщкIуауэ,
Си унэр щытщ, си унэр - си Осетие.
Жэнэтщ и бгылъэр
Си лъахэу си гум илъым.
Нэгъуэщ зы щIыпIи пэсщIыркъым
си хэкум.
Сэ куэд седжащ, седжащ усакIуэ куэдым,
Шы лъэ макъ жэр зи тхыгъэ къыхэкIуэт,
Сонету зыщI, бзылъхугъэм я сурэтхэр,
ИтIани, си гум илъыр зыщ - уаращ Алание,
Си хьэзыр щIагъым, си гум
щызгъэпщкIуауэ.

ДЗАСОХОВ Музафер
Мылъку

Сызэрыпсэури? Тыншу!
Сыугъурлыуэ нахуэу.
Мылъкур мыIэмалыншэ,
Семыгупсыс зы махуи.

Гуапэу сопсэу. Армыхъумэ,
Ухэзэшэнт си махуэм.
Сыщытепщэн сымылъыхъуэ,
Мылъкум сыщыкIэрахъуэу.

Ахъшэм и Iуэху – иужькIэщ.
СыткIэ си лъахэр мыфIрэ!
Хэт и къулей тхьэмыщкIи
Гуапэу сэ сахуогуфIэ.

СКОДТАЕВ Эльбрус

* * *

Губгъуэм, ди мэзышхуэм, къуажэ псом
Уэсыр щабэу тосэ, кIэ имыIэу.
Уафэ гущIэм ещхьщ борэн щыпсэу,
Уэсым зыкъеубгъур, къихьу щIыIэ.

Псэншэ хъуащ иджы къуажэ уэрамхэр,
Уэрэ сэрэ дызэрымылъагъу.
Уэсым хегъэгъуащэ щIым ди лъагъуэр,
Губжьа хуэдэщ дунейр зи щIыIагъ.

Уэс борэныр, плъагъурэ, хъийм икIащи,
НэкIум дыжьын налъэхэр кърепхъэ.
Къуажэм адкIэ дыгъужь щыкъугъащи,
Уэрам бэлэрыгъхэм щIыIэ йопхъуэ.

Дыгъужь хуэдэу, уаери мэкъугъ,
Сэ гупсысэ хьэлъэр къысщхьэщихьэу.
Сэ хэт хъуну псэкIэ сыщыгугъ,
А гупсысэ хьэлъэмкIэ сылъихьэу?

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1.167

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, ДыщэкI Соня *(1, 4-нэ нап.). Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.